ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ХАБЗЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№55 (21.213) ● 2008 гъэм гъатхэпэм (мартым) и 21, мэрем ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр сомИ 3-щ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыщ Май районым и суд участкэ №2-м зэзыгъэкІуж и судыщІэм и къулыкъум Аттакуев Руслан Салихь и къуэр илъэситху пАлъэкІэ гъэувын.

2. Мы Унафэм къару егъуэт къыщащта махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщ! БЕЧЕЛОВ Ильяс

Налшык къалэ
2008 гъэм гъатхэпэм и 20-м
№1359-П-П

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыщ Іуащхьмахуэ районым и суд участкэ №2-м зэзыгъэкІуж и судыщІэм и къулыкъум Газаев Хьэдис Байдуллах и къуэр гъэувыным и Іуэхукі

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэм и 100 статьям и Іыхьэ 1-м и «и» пунктым, 17 статьям и Іыхь 3-м, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм зэзыгъэкІуж и судыщІэхэм я Іуэхукі» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым и 6 статьям я пкъ иткІэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещІ:**

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыщ Іуащхьмахуэ районым и суд участкэ №2-м зэзыгъэкІуж и судыщІэм и къулыкъум **Газаев Хьэдис Байдуллах и къуэр** илъэситху пАлъэкІэ гъэувын.

2. Мы Унафэм къару егъуэт къыщащта махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщ! БЕЧЕЛОВ Ильяс

Налшык къалэ
2008 гъэм гъатхэпэм и 20-м
№1360-П-П

Налшык къалэ округым и щІыпІэ администрацэм и Іэтащхьэм и къулыкъум увынур кІыхьэхынымэ теухуа конкурс езыгъэкІуэкІыну конкурс комиссэм хэтхэр къыщтэнымэ и Іуэхукі

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

«Урысей Федерацэм щІыпІэ самоуправленэ къыхэрыщІэзрагъэпэщым и лъэныкъуэкІэ псоми яхуэгъэза хабзэхэм я Іуэхукі» Федеральнэ законым и 37 статьям и Іыхь 5-м ипкъ иткІэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещІ:**

1. Налшык къалэ округым и щІыпІэ администрацэм и Іэтащхьэм и къулыкъум увынур кІыхьэхынымэ теухуа конкурс езыгъэкІуэкІыну конкурс комиссэм мы къыкІэлъыкІуэхэр хэгъэхьэн:

Бабаев Хьусей Хьэмид и къуэр- Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым Лъэпкъ зэхуэдгъэкІыгъэ и комитетым и унафэщІ гуныкъ щыщыр

Власов Александр Алексей и къуэр - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и Администрацэм и Унафэщым и къудзэр - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и Администрацэм хэзыгъэкІуэкІыну Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и Администрацэм хэзыгъэкІуэкІ, кадрхэм, щІыпІэ самоуправленэм я Іуэхуэсакъэ и управленэм и унафэщІыр

Къуэшрокъуэ Залим Къэрэщей и къуэр - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и Парламентым я лЫкІуэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым рэ суд органхэмрэ щыІэр.

2. Къару имыІэжу къэлытэн «Налшык къалэ округым и щІыпІэ администрацэм и Іэтащхьэм и къулыкъум я Іуэхуэ-нур кІыхьэхынымэ теухуа конкурс егъэкІуэкІынымкІэ конкурс комиссэм хэтхэр къэщтэным и Іуэхукі» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым 2006 гъэм мэкъуаугъэм и 22-м кІыщта Унафэ №850-П-П-м

3. Мы Унафэр щІыпІэ самоуправленэм и Налшык къалэ Советым хуегъэхьын.

4. Мы Унафэм къару егъуэт къыщащта махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщ! БЕЧЕЛОВ Ильяс

Налшык къалэ
2008 гъэм гъатхэпэм и 20-м
№1361-П-П

Налшык щыІэзэхэташ КъБР-м и Парламентым и депутатхэм я зи чэзу зэхуэс. Абы къыщаІэтащ республикэ гъащІэм и лъэныкъуэ зэмылІэужьыгъуэхэр кІыхьэщІэзыубыдэ Іуэху 30-м нэблагъэ. Парламентархэм я зэхуэсым хэтащ КъБР-м и Правительствэм и Унафэщ! Ярин Андрей.

ЗЭІУЩІЭМ и пэублэу депутатхэр хэплъащ зэзыгъэкІуж судыщІэ кІулыкъур хуагъэфащэу къагъэпэгъуэ **Аттакуев Руслан**рэ (Май районым и 2-нэ суд Іуэхущ!апІэ) **Газаев Хьэдисрэ** (Іуащхьмахуэ районым и 2-нэ суд Іуэхущ!апІэ) я кандидатурэхэм. Апхуэдэу абыхэм ягъэбелджылащ Налшык къалэ округым и щІыпІэ администрацэм и Іэтащхьэм зэпеуэ мардэм тету къыхэхэныкІэ зэхэІэлъыкІуэ хъунущ. НэгъуэщІу жыпІэмэ, зым ункІыу адрейм укІуэн папщІэ узыхуейр паспортым и закъуэр.

Краснодар крайм щыІэ Камышеватскэ станицм удз гъэгъахэр щытралъхьащ жьы хъуахэр щапІыж унэм ильэс и пэкІэ къыщыкъуэ мафІэсыж хэкІуэдахэм я къащыхьэхэм.

Мыбы щаІыгъ щІыхуэхэм я зэхуэдитІым нэс - щІыхуэ 62-м - я гъащІэр ихьауэ щытащ а насыпышІагъэм.

ИужькІэ къызэрахутамкІэ, тхъэмыщкІэхэр кърагъэлыфынут мафІэсгъэнкІыфІхэр и чэзум ялъэІэсамэ. Ауэ ахэр зы сыхьэткІэ гуващ, зи гугъу тщІы унэм пэжыжьэти.

Иджы властхэм жылагъуэм къыщыкъзІуахащ мафІэхэсгъэнкІыфІ Іуэхущ!апІэ. Ар иджырей ІэмэпсымэхэмкІэ къызэгъэпэщащ.

(ИТАР-ТАСС).

♦Зыщыщ расэкІэ щІыхуэхэр зэхэгъэж зэращІыр гъэкІуэдыкыным теухуа бэнэныгъэм и дунейпсо махуэщ. ООН-м и Ассамблее ЗкІэхьыщхьэм и XXI сессием 1966 гъэм жэпуэгъуэм и 26-м къыщта унафэм ипкъ иткІэ ягъэувыж: Мы махуэр ягъуэтащ расистхэм 1960 гъэм гъатхэпэм и 21-м Шерпевиль африкэ къуэжьм щызэтраукІа щІыхуэхэм я фэеплъу.

♦Мэзхэм я дунейпсо махуэщ (1971).

♦Гуащэ театрым и дунейпсо махуэщ (2003).

♦Минск щыщкІэжьІынущ Урысеймрэ Белоруссиемрэ я союз къэралыгъуэм и министрхэм я советым и зи чэзу зэІущІэр.

♦Гъатхэпэм и 21 - 24-хэм Москва щкІэжьІынущ «Ислам-Православие» зэпсэльэныгъэхэмкІэ зэгъуэсу къызэрагъэпэща комиссэм и зэІущІэ. Абы хэтынущ Урыс православнэ члиехэм и ЛЫкІуэхэмрэ Ираным и дин упачфэщІхэмрэ.

♦Урыс композиторыщхьэ Мусоргский Михаил (1839 - 1881) щыщалъхуа махуэщ.

♦Дыгъэр къыщІэкІащ сыхьэти 6-рэ дакъикъи 9-м, кІуачІэжьыщ сыхьэт 18-рэ дакъикъ 21-м.

♦Мазэм и кІыхьагъщ сыхьэт 12-рэ дакъикъ 19-р.

Пэлыдзэгъэ зыхьэхьэрыр ШАЛ Мухьэмэд.

Гъэлъэкъ Іущ!ыгъэ.

ЖамыІэ щыІэщи, ямыІуэтэж щыІэкъым.

Махуэшхуэр зэрекІуэкІынур яубзыху

● ЗэІущІэхэр

Къэжэр Альберт.

Къэнжал зауэр зэриухэр мы гъэм ильэс 300 зэрырикъур зэрагъэлъэпІэнур зыубзыху къызэгъэпэщакІуэ комитетым и зэІущІэ гъатхэпэм и 19-м КъБР-м и Правительствэм и Унэм щызэхэтащ.

Ар къызэІуихащ икІи иригъэкІуэкІащ КъБР-м и Президентым и Администрацэм и Іэтащхьэ Къэжэр Альберт.

ЯПЭУ УТЫКУМ къыщыпсэльа, КъБР-м и Президентым и чэнджэщэгъуэ **Думэн Хьэсэн** жиІащ 1708 гъэм адыгэхэмрэ кІырымыдзэмрэ я зэхуаку къыдэхъуэ зауэ гуащІэм ди лъэпкъэгъуэхэм къыщахьа текІуэныгъэм мыхьэнэшхуэ зэрриІар. Зи хэкур зыхьэмэжу бийр хэзыгъэщІа ди лъэпкъэгъуэхэм я Іуныджыж кІыІэтат абы, и пщІэр льагэ щыхьуат Тырку, Перс къэралыгъуэхэм я пащхьэм.

Думэным къызэхуэсахэм ягу кІигъэкІыжащ къызэгъэпэщакІуэ комитетым и апэрэ зэІущІэм къыщыхьахьа Іуэхугъуэхэр: «Къэнжал зауэм адыгэхэм къыщахьа текІуэныгъэмрэ абы и тхьидэ мыхьэнэмрэ урысейпсо щІэныгъэ-практикэ конференц Нашыкъ щегъэжьауэныр; курыт лІэщІыгъуэхэм Къэбэрдейм и псэукІам, ХьэтІохъэщокъуэ Кургъуокъуэ и зауэлІхэм Къаплъэн-Джэрий хьаным и дзэр зэрызэтраукІам хуэхуа тхылъэхэр газетым кьытрегъэдзэныр, телевиденэрэ радиокІэ къэтынныр; тхакІуэхэм, суРэтыщІхэм, композиторхэм я зэпеуэ кьызэгъэпэщыныр; Къэнжал бгым и щыгум метр 30 зи льагагъ стелэ щыгъэувынныр, Налшык къалэ мемориал уХуэныгъэ къыщыщэІухынныр; Къэнжал зауэр илъэс 300 зэрырикъум ехьэлІа пощт маркэхэр къыдэгъэкІыныр; XVII - XVIII лІэщІыгъуэхэм адыгэхэм, урысхэм, кърымхэм я зэхуаку дэлъа зэхущытыкІэхэм теухуа брошюрэ къыдэгъэкІыныр.

Хьэсэн иужьрейуэ кьигъэлъэгъуа Іуэхугъуэм теухуауэ Гуманитар къэхутэныгъэхэмкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр щІэныгъэ институтым и унафэщІ **Бгъэжьнокъуэ Барэсбий** жиІащ зи гугъу ящІ брошюрэр щыкІу дыдэу зэрыщымытынур, атІэ напэкІуэщІ 40 - 50 хьуурэ тхьилъ теплъэ иІэу къыдагъэкІыну зэрамурадыр. Абы ихуэнущ архив, Іуэрыуатэ, литературэ тхылъэхэр. ИкІи щІэныгъэ-практикэ конференцыр екІуэкІа нэужь, абы утыку тІорэхэм я зэпеуэм ди къуэш ресПубликэхэри къыдыгъэкІынущ. Абы ихуэнущ ещанэ Іуэхум ирихьэлІэнур урысыбзэкІэ тхар арагъэнщ);

- "Къэнжал зауэм и лІыхъужьхэр" щыкІу 30-м я сурэт комплект къыдэгъэкІын;

- Мэлбахъуэ Елбэрд и "Іуащхьмахуэ кІуэ гъуэгур щынагъуэт" романыр адыгэбзэкІи урысыбзэкІи къыдэгъэкІыжын;

- Адыгэ усакІуэ цІэрыІуэхэм я Іэдакъэщ!ихэр щызэхэхьэса "Адыгская рапсодия" тхылъыр къыдэгъэкІын;

- Налшык, Тэрч, Щэджэм, Бахьсэн, Нарткъалэ, Прохладнэ, Тырныауз къалэхэм, Къэщкъэтау, Дзэлыкъуэкъуажэ жылагъуэхэм я уэрамхэм Къэнжал зауэм и лІыхъужьхэм е адыгэхэм Къэнжал зауэм теухуэныгъэ къызэрыщахьэр илъэс 300 зэрырикъум я цІэр фІэщын;

- "Зауэ жыжьэм и джэрпэджэж" документальнэ фильм "Налшык" НОТР, 49-нэ каналхэм ягъэхьэзырын;

- КъБР-м и район псоми къикІа шу 300 зауэр щекІуэкІа щІыпІэм адыгэшхэмкІэ къыщыІэздгъэжэн;

- Мы Іуэхум теухуауэ 2009 гъэм и стІолышхэ, блын махуэгъэпсэр гъэхьэзырын;

- 2008 - 2009 гъэхэм я махуэгъэпс пащІэ щыкІу махуэшхуэм ирихьэлІэу къыдэгъэкІын;

- "Къэнжал-300" бгъэхэІу цыкІухэр егъэщІын;

- "Къэнжал зауэм адыгэхэм къыщахьа текІуэныгъэ иныр" монографие зэхэлъхьэн;

- "Къэнжал зауэр илъэс 300 мэхъу" брошюрэ тыркубзэкІэ, зэхуэпыбзэкІэ, нэмыцІабзэкІэ, инджылызыбзэкІэ къыдэгъэкІын;

- Къэбэрдей пщы цІэрыІуэ ХьэтІохьущокъуэ Кургъуокъуэ и сурэтым къыщІащІыкІа скульптурэ цыкІу гъэхьэзырын.

- Урысейм, Тыркум, Иорданием, Сирием, Израильм, Германием, Голландием, США-м, Франджым, Великобританием щыщ альпинистхэр Іуащхьмахуэ дэкІыныр къызэгъэпэщыным мылькушхуэ текІуэдянущ, ауэ ар тхуэзэфІэкІамэ, хьарзынэт, - дыщІигъужащ Мухьэмэд.

Адэжь ДАК-м и тхьэмадэ **Дзэмыхь Кьасболэт** кьыхилъхьащ электронна альбом ягъэхьэзыру DVD диск тету хьэщІэхэм хуагъэщынныр зэрыфІэигъуэр. Цыкуэхэм хьыбар нэхьыбэ ялъэІэсын, щІалэгъуалэ нэхьыбэ Іуэхум кьыхэщІа хьун папщІэ е телемарафон, е абы ещхь Іуэхугъуэ гуэр кьызэрагъэпэщмэ, нэхь кьызэрищтэр жиІащ Абхьазым щызэхуэхэм я зэгухьэныгъэм и унафэщІ **Бекьшокъуэ Алексей.** Анхуэдэуи спорт зэхьэзэхуэ нэхъыбэ егъэкІуэкІын зэрыхуейр кьагъэлъэгъуащ кьызэхуэсахэм. Налшык къала дэтыну мемориалыр щауэхуэну щІыпІэр кьыхэхьныкІэ мы тхьэмахуэм и кІэ хьуху зэчэнджэщыну зэгугьІуаехэщ.

НЭЩІЭПЫДЖЭЗамирэ.

Думэн Хьэсэн.

● Пщэдей Гъэрэ щІырэ щызэхэкІ махуэщ

ФІыгъуэ къытхудрекІуэ!

ДЫНЫВОХЬУЭХЬУ Гъэрэ щІырэ щызэхэкІ махуэмкІэ - а махуэр ижь-ижьыж ЛъандэрэІ ягъэлъапІэ адыгэхэм. Щымахуэр икІауэ, гъэр кьихьауэ ябжьырт а махуэм, нэгъуэщІу жьыпІэмэ, илъэсыщ!хь, е илъэсыщ!э махуэкІэ еджэрт абы.

Илъэсыщ!хьэ (илъэсыщ!эр къыщ!ихьэ) махуэм адыгэхэр хьуэхъукІэ пежьэу щытащ: «Гъэ махуэ дытехьауэ, гъаВэр тхуэбэгъуэну, хьер дыщымыщ!эну, ди гуфІэгъуэр кІыхь хъуну», - жаІэурэ.

Аращ дэрэ дызэрывэхъуэхъур: псори гъэ махуэ дытехьауэ, абы фІыгъуэ къыфхудэкІуэну. ФІ насЫпыр бэгъуэну, щІэблэ узынщэ, щІэблэ насыпыфІэ къыфщІэхъуэну, фефІэкІуэну, сыт и лъэныкъуэкІи зыВузэщІыну!

Дунейпсо Адыгэ Хасэ. Къэбэрдей Адыгэ Хасэ.

Шэрджэс Конгресс. КъБР-м щыщу Абхъазым щызэхуэхэм я зэгухьэныгъэ.

● Бизнес-инкубатор

Щыхьэт тхылъхэр иратыж

Налшык щыІэ "Бизнес-инкубаторым" и хэщІапІэм гъатхэпэм и 19-м Іуэху дахэ щекІуэкІащ. Абы щыхьэт тхылъхэр щратыжащ щІэныгъэм щыхагъахьуэу Мэзкуу дэт "МИРБИС" дунейпсо бизнес еджапІэ нэхъыщхьэм и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэр екъуІэныгъэкІэ къззыуха щІалэгъуалэ гупыщхуэм. Щыхьэт 31-м щыщу 8-м Сингапурр Гонконгрэ еджэныгъэм щыпрагъэщащ.

КъБР-м экономикэ зыужьныгъэмрэ сатумкІэ и министрым и къуэдзэ **КІэрэф Мурат** зэхьхьэ гуапэр кьыщызэІуихьм къиГъэлъэгъуащ 2007 - 2011 гъэхэм республикэм и экономикэм папщІэ Іэщ!агъэлІкІэр гъэхьэзырыным теухуауэ къапэщытхэр яГъэнэІуа нэужь, псалъэ кьыйихащ министерствэм и къудамэм и унафэщІ **Ефэнды Ритэ.**

Абы зэхуэсахэм я Іэгуаущ щІэту щыхьэт тхылъхэр яритъжащ зи Іэщ!агъэмрэ щІэныгъэмрэ хэзыгъэхьуахэм. ЗэІущІэм кьызэрыщагъэльэгъуащ, иджыри зы гуп Сингапуррэ Гонконгрэ гъэмахуэм ягъэкІуэнущ.

УЭРЗЭЙРашид.

Зэ!ущІэр щекІуэкІым. *Сурэтхэр* КЪАРЕЙ Элинэ *триХащ.*

● Дыгъуасэ

Іуэху 30-м нэблагъэ

къэпщытакІуэ гупым хэтхэр, законопроект 13-м щІигъу кьащтащ, КъБР-м и Къэзыпщ!ыта-къэзыбж палатэм, Щыхум и хуитныгъэхэмкІэ Къэбэрдей-Балъкъэрым щыІэ Іуэхущ!апІэм я лэжьыгъэхэр къызэщІэзыкъуэ къэпсэльэныгъэхэм едэІуащ.

ЗэІущІэм хэту екІуэкІа парламент сыхьэтым кьыщыпсэльащ КъБР-м и Правительствэм и Унафэщым и ялъэ къуэдзэ **Тхьэзэлтыжь Мурат.**

НЫБЭЖЬ Таисэ.

● Шэрэдж куей

Нэхъыжьхэр зочэнджэщ

Шэрэдж районым зауэмрэ дэжьыгъэмрэ, дзэ къарухэмрэ хабзэхъумэ органхэрэ я ветеранхэм я советым и президиумым зэІущІэ щриГъэкІуэкІащ Жэмтхьэлэ Ипщэ къуажэм.

ЗЭІУЩІЭР къызэІуихьа куей советым и Іэтащхьэ Чеченов Георгий зэгухьэныгъэм иригъэжьащ. ЛэжьыгІэхэмрэ районым и совет тыр нобэ зыгъэпІейтей Іуэхугъуэхэмрэ тепсэльыхьащ. Псом япэу гуныгъэ зыхуэщІыпхъэу кІиныгъар щІалэгъуалэр фадэмрэ афиримрэ я щыхьэмэн, гъэсэныгъэ дэжьыгъэхэр жылагъуэхэм щыщІэгъэхуэбжьэн зэрыхуейращ. А Іуэхумкіэ Советым къыдэлэжьну пщІэ зыхуащІ къуажэдэс нэхъыжьхэрэ егъэджакІуэхэри къыхуарадж.

Зэ!ущІэм къыщаІэтащ зауэмрэ лэжьыгъэмрэ я лІыхъужьхэм я зэныгъэ. Ахэр зэрызэфІэкІыу унэм и хъуреягъыр зэтес ящІынурэ, жыгхэмрэ удзхэмрэ хасэнущ. ЩэнхабзэмкІэ унэр яуХуэн зэрыщІадзэрэ мыбы хьэлэлу щолажьэ газоэлектросварщикэу Къанкъулхэ Алимрэ Мусэрэ, унащхьэр зы!Іэ Абрэдж Руслан, Шьбзыхьуэхэ Пиуан, Резуан, Иорэхьим, ток кІапсэхэр щІэзышэху Ныр Анзор, Щоджэнщ!ыкІу Адыгэ, Дзэмыкъ Борис, Фотэ Арсен сымэ.

ЛЪОСТЭН Музэ.

● Бахьсэн куей

Щэнхабзэ Іуэхущ!апІэр зэпэщ ящІ

Бахьсэн куейм хьыхь Куба къуажэм дащІыхь щыху 450-рэ зыщІэхуэну Щэнхабзэмкіэ унэ.

УХУЭНЫГЪЭМ и прораб Шакъ Салим щыгъуазэ щызэриущ!амкІэ, ар щатыну пІальэр иджыпсту яГъэбелджылауэ щымыт пэтми, лэжьыгъэ нэхъыщхьэхэр и кІэм нагъэсауэ жьпІэ хьунущ. Иджыпсту псы, хуабэ зэрыкІуэ бжьамийхэр, электрокъэбуу кІапсэхэр унэм щІашэ. Ахэр зэрызэфІэкІыу унэм и хъуреягъыр зэтес ящІынурэ, жыгхэмрэ удзхэмрэ хасэнущ. ЩэнхабзэмкІэ унэр яуХуэн зэрыщІадзэрэ мыбы хьэлэлу щолажьэ газоэлектросварщикэу Къанкъулхэ Алимрэ Мусэрэ, унащхьэр зы!Іэ Абрэдж Руслан, Шьбзыхьуэхэ Пиуан, Резуан, Иорэхьим, ток кІапсэхэр щІэзышэху Ныр Анзор, Щоджэнщ!ыкІу Адыгэ, Дзэмыкъ Борис, Фотэ Арсен сымэ.

ЛЪОСТЭН Музэ.

● Гу зылъытапхъэ

«Іуащхьэмахуэ», «Минги Тау» журналхэм фыкърагъэблагъэ

я илъэс 50 юбилейм иращІэкІыну гуфІэгъуэ зэІущІэм. ЩекІуэкІынур Къэрал концерт залырщ (Щоджэнщ!ыкІум и цІэкІэ щыІэ уэрам, 28) гъатхэпэм (мартым) и 26-м сыхьэт 15-м. Зэ!ущІэм кьекІуэлІэнухэм папщІэ «Амикс» ансамбль щІэрыІуэм концерт ин итынущ.

«Аращи, ди тхакІуэхэм, усакІуэхэм фахэпльэну, концерт дахэ щІэнынущ фепльынну фыхуейм», фыкъебелагъэ - фыхущІегъуэжьинкъым!» А ешІэхэмкІэ зыкъыфхуагъаз «Іуащхьэмахуэ», «Минги Тау» журналхэр къыдэзыгъэкІхэм.

НОБЭ

Мыарэзыхэр нэхьыбэ мэхъу

США-м и къалэ псоми - Нью-Йорк щыщыщ!дзауэ Сан-Франциско нэсыху - щекІуэкІащ щыху куэд зыхэтащ пэкІуэр.

Уэрамхэм дыхьахэм къуанщагъэ ину къальыгъэ щалъэтІ 5 и пэкІэ США-мрэ абы къуэт къэралхэмрэ я дзэхэр Иракым зэрагъэкІуар. Зауэм эхкІуэдащ американ мин 4-м щІигъу. Ауэ лъыгъажэр нобэр кьыздэсыи ихакъым. Къызэхуэсахэм ящыщхэм зэхэІэлъыкІуэ хъунущ. НэгъуэщІу жыпІэмэ, зым ункІыу адрейм укІуэн папщІэ узыхуейр паспортым и закъуэр.

МафІэсгъэункІыфІхэр мыгувмэ...

Краснодар крайм щыІэ Камышеватскэ станицм удз гъэгъахэр щытралъхьащ жьы хъуахэр щапІыж унэм ильэс и пэкІэ къыщыкъуэ мафІэсыж хэкІуэдахэм я къащыхьэхэм.

Мыбы щаІыгъ щІыхуэхэм я зэхуэдитІым нэс - щІыхуэ 62-м - я гъащІэр ихьауэ щытащ а насыпышІагъэм.

ИужькІэ къызэрахутамкІэ, тхъэмыщкІэхэр кърагъэлыфынут мафІэсгъэункІыфІхэр и чэзум ялъэІэсамэ. Ауэ ахэр зы сыхьэткІэ гуващ, зи гугъу тщІы унэм пэжыжьэти.

Иджы властхэм жылагъуэм къыщыкъзІуахащ мафІэхэсгъэункІыфІ Іуэхущ!апІэ. Ар иджырей ІэмэпсымэхэмкІэ къызэгъэпэщащ.

(ИТАР-ТАСС).

Хуиту зэкІэлъыкІуэн папщІэ

УФ-м и пэгъунщІ къэрал Іуэхуэхэмкіэ и министр Лавров Сергей махущкІэ щыІэ ну КъуэкІынІэ Гъунэгъуэ кІуащ.

Япэу къыщыувыІар Тель-Авивщ. Урысейм? Израильмрэ Іэ зытрадза зэгурыІуэныгъэм иткІэ, къэралитІым я щІыхуэхэр визэнщІэу

♦ Дыгъэр щІыхь ящІ.

♦ Мазэм и щІыхь ящІ.

♦ Щ!ыгъуэ щІыхь ящІ.

♦ Щ!ыгъуэ щІыхь ящІ.

♦ Щ!ыгъуэ щІыхь ящІ.

♦ Щ!ыгъуэ щІыхь ящІ.

♦ Щ!ыгъуэ щІыхь ящІ.

♦ Щ!ыгъуэ щІыхь ящІ.

♦ Щ!ыгъуэ щІыхь ящІ.

♦ Щ!ыгъуэ щІыхь ящІ.

♦ Щ!ыгъуэ щІыхь ящІ.

♦ Щ!ыгъуэ щІыхь ящІ.

♦ Щ!ыгъуэ щІыхь ящІ.

«Адыгэ макъым» и псалъэр жыжьэ нос

Гъатхэпм и 14-м Адыгэ Республикэм Іуэху дахэ щекІуэкІащ. Адыгэ тхыбІэм и махуэм ирихьэлІэу ди къуэш щІыналъэм Іэтауэ щагъэлъэпІащ «Адыгэ макъ» газетым къыдэкІым зэрыщІидзэр илъэс 85-рэ зэрыхъур.

МЕЙКЪУАПЭ дэт Филармоние уардэуэнэм и гупэ утым цІыхуэхэр хуэмурэ къэкІуадІэрт, адыгэ Іуэхум ехьэлІа зэІуцІэм дэтхэнэ зыри игъэнэжэгужэрт. Уи щхьэр льагэу уэзыгъэлъагъуж зэхьихьэт адыгейхэм яІэр - анэдэлъхубзэкІэ цІыхубэм я гурыщІэр къэзыІуатэ, я гур зыгъэпсэху тхыгъэхэмкІэ сыт щыгъуи къулей газетым и махуэщхьэт...

Адыгэ Республикэм и Президент **ТхьэкІушынэ Аслъэнджэрий,** АР-м и Къэрал Советым - Хасэм и тхьэмадэм и япэ къуэдзэ **Иванов Анатолий**, Премьер-министр **Саможенков Владимир,** АР-м и япэ президенту щыта **Джарым Аслъэн,** Министрхэм я Кабинетым хэтхэр, кьалэ, район администрацэхэм я лыкІуэхэр, редакцэм и лэжьакІуэхэр, къуэш республикэм кьикІа хьэщІэхэр щыгъэхуэса пшыхьыр кьызэІуихащ ар езыгъэкІуэкІа, Адыгей къэрал телерадиокомпаниием и лэжьакІуэхэм, газетым и ныбжьэгъу пэжхэм, щІэджыкІакІуэ льапІэхэм фІэхъус псалъэкІэ зыныфхуэзгъэзэныр сфІэигъэщ, - жиІащ ТхьэкІушынэм. - Ди нобэ дгъэпытпІэр хуабжьу мыхьэнэшхуэ зиІэ, зыхуэбгъадэ хьун щымыІэ Іуэху инщ. Сыт щхьэкІэ жыпІэмэ, адыгеибзэм зегъэужьынымкІэ, адыгэм и тхыдэр, щэнхабзэр, литературэр ипэкІэ гъэкІуэтэнымкІэ мы газетым ищІэр кьэлэпытгъэуейщ.

КъыдэкІыи зэрыщІидзэрэ гъэзуанэ кІыхь икІи гугъу кьикІуащ газетым. А лъэхъэнэм кьриубыдэу сыт хуэдэ щІэ зэрихьэу щымытами, адыгэм и макъыр сыт щыгъуи ину, купщІэ иІэу Іуащ. Газетым хуэфІэкІащ абы бгъэдэлъ хьугъуэфІыгъуэ нэхьыщхьэхэр ихьумэн, нэхъапэмэ хуэдэу, ди анэдэлъхубзэр щэрыуэу игъэбзэрбзэн.

Сыщыуэну кьыщІэкІынкъым, «Адыгэ макъыр» адыгэ интеллигенцэм я кІыщу жысІэмэ. Апхуэдэуи ар республикэм и псэupсэ кьуІеягъэм и хьумакІуэщ. Адыгэ тхыбІэм и махуэмрэ адыгэ газетым и махуэмрэ адыгэ газетым и гъэлъапІэнымрэ зэрыэтехуар нэщпэфЫщ. Сыт щыгъуи жаІэ бзэм дунейр зэрызэригъакІуэр, абы и зы псалъэри дыщэ пэльытэу зэрыщытыр.

Кьыхэсэщыпхъэщ зэхьуэкІынымгъэ куэд кьыщыхьуа лъэхъэнэхэми зи гугъу тщІы газетым и щІэр зэрИыгъыжар, ар акъыпэгъу ядэхьуакъым щыхубэр зыгъэжжьхуэну иужь итахэм. «Адыгэ макъыр» яхуэпэжщ цІыхубэм, абыхэм я гурыгъуэр къэкІуадІэрт, адыгэ Іуэхум ехьэлІа зэІуцІэм дэтхэнэ зыри игъэнэжэгужэрт. Уи щхьэр льагэу уэзыгъэлъагъуж зэхьихьэт адыгейхэм яІэр - анэдэлъхубзэкІэ цІыхубэм я гурыщІэр къэзыІуатэ, я гур зыгъэпсэху тхыгъэхэмкІэ сыт щыгъуи къулей газетым и махуэщхьэт...

Адыгэ Республикэм и Президент **ТхьэкІушынэ Аслъэнджэрий,** АР-м и Къэрал Советым - Хасэм и тхьэмадэм и япэ къуэдзэ **Иванов Анатолий**, Премьер-министр **Саможенков Владимир,** АР-м и япэ президенту щыта **Джарым Аслъэн,** Министрхэм я Кабинетым хэтхэр, кьалэ, район администрацэхэм я лыкІуэхэр, редакцэм и лэжьакІуэхэр, къуэш республикэм кьикІа хьэщІэхэр щыгъэхуэса пшыхьыр кьызэІуихащ ар езыгъэкІуэкІа, Адыгей къэрал телерадиокомпаниием и лэжьакІуэхэм **Тэш Светлан.**

Япэ псалъэ иратащ республикэм и Іэтащхьэ **ТхьэкІушынэ Аслъэнджэрий.**

- «Адыгэ макъ» редакцэм и лэжьакІуэхэм, газетым и ныбжьэгъу пэжхэм, щІэджыкІакІуэ льапІэхэм фІэхъус псалъэкІэ зыныфхуэзгъэзэныр сфІэигъэщ, - жиІащ ТхьэкІушынэм. - Ди нобэ дгъэпытпІэр хуабжьу мыхьэнэшхуэ зиІэ, зыхуэбгъадэ хьун щымыІэ Іуэху инщ. Сыт щхьэкІэ жыпІэмэ, адыгеибзэм зегъэужьынымкІэ, адыгэм и тхыдэр, щэнхабзэр, литературэр ипэкІэ гъэкІуэтэнымкІэ мы газетым ищІэр кьэлэпытгъэуейщ.

КъыдэкІыи зэрыщІидзэрэ гъэзуанэ кІыхь икІи гугъу кьикІуащ газетым. А лъэхъэнэм кьриубыдэу сыт хуэдэ щІэ зэрихьэу щымытами, адыгэм и макъыр сыт щыгъуи ину, купщІэ иІэу Іуащ. Газетым хуэфІэкІащ абы бгъэдэлъ хьугъуэфІыгъуэ нэхьыщхьэхэр ихьумэн, нэхъапэмэ хуэдэу, ди анэдэлъхубзэр щэрыуэу игъэбзэрбзэн.

Сыщыуэну кьыщІэкІынкъым, «Адыгэ макъыр» адыгэ интеллигенцэм я кІыщу жысІэмэ. Апхуэдэуи ар республикэм и псэupсэ кьуІеягъэм и хьумакІуэщ. Адыгэ тхыбІэм и махуэмрэ адыгэ газетым и махуэмрэ адыгэ газетым и гъэлъапІэнымрэ зэрыэтехуар нэщпэфЫщ. Сыт щыгъуи жаІэ бзэм дунейр зэрызэригъакІуэр, абы и зы псалъэри дыщэ пэльытэу зэрыщытыр.

Кьыхэсэщыпхъэщ зэхьуэкІынымгъэ куэд кьыщыхьуа лъэхъэнэхэми зи гугъу тщІы газетым и щІэр зэрИыгъыжар, ар акъыпэгъу ядэхьуакъым щыхубэр зыгъэжжьхуэну иужь итахэм. «Адыгэ макъыр» яхуэпэжщ цІыхубэм,

• Юбилей

ТхьэкІушынэ Аслъэнджэрий

лъэпкъ газетым сом мелуан хухех



«Адыгэ макъ» газетым теухуауэ псалъэ жеІэ Адыгэ Республикэм и Президент ТхьэкІушынэ Аслъэнджэрий.

ХьэщІэхэм псалъэ щратым, утыкум кьихьащ «Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхьыщхьэ **Хьэфыщ Іэ Мухьэмэдрэ**«Черкес хэку» газетым и редактор нэхьыщхьэ **ТхьэгъэпсэУвжыкъуэрэ**

- «Адыгэ макъ» газетым и яп номерыр кьыдэкІри, мазэ 15 дэкІа нэужь «Адыгэ псалъэр» дунейм кьытехьащ, - жиІащ ХьэфЫщІэ Мухьэмэд. - Сабийр кьалъхуа нэужь, игъэІур макъщ, мазэ 15 дэкІмэ, псалъэу щІедзэ. Апхуэдэщ ди газетхэри, ягъэІу абыхэм ди макъыр, щыгъэхах ди псалъэр дуней псом. Къэбгъэльагъуэмэ, «Адыгэ псалъэ» газетыр яІэрохьэ цІыху мини 10-м, Интернеткі Іэ махуэ къэс йоджэ цІыху мин 68-рэ. Абы зэпещІэ, зэкъуегъэувэ дэнэ щІыпІэ щыІэ адыгэри. Дунейм зы адыгэ тетыху, тхьэм щигъэІэ «Адыгэ макъри», «Адыгэ псалъэри», «Черкес хэкури».

- Ди льэпкъым сабий кьыхуалъхуурэ и макъыр Іуэмэ, мазэ бжыгъэ дэкІрэ псалъэу щІи- дзэмэ, и шэрджэс хэкум исыжмэ, ар фЫгъуэщхуэу араксъ?! - кьыпищащ Мухьэмэд и псалъэхэм Тхьэгъэпсэу Увжыкъуэ. - Ди газетхэм Іуэхушхэу ягъажь бзэр, хабзэр хьумэнымкІэ, щІалэгъуалэр зэкІуэсу гъэсэнымкІэ. Іуэхуабжь ягъэдахэ кІыгъанэу нэхьри ирефІакІуэ адыгэ газетыр.

Льэныкъуэ куэдкІэ республикэм и псэукІэр къэзыгъэльагъуэ, хьыбарыщІэхэр анэдэлъхубзэкІэ район псоми нэзыхьэс газетым и махуэр даІэтащ, саугъэтхэмкІэ кьыхуэупсащ Теучэж, Кушъхьэблэ, Щоджэн район администрацэхэм, Мейкъуапэ, Адыгейск щІалэгъуэ и администрацэхэм я лыкІуэхэр.

«Адыгэ макъ» газетым и махуэщхуэм ехьэлІа концертыр кьафэ дахэкІэ кьызэІуихащ «Налмэс» къэрал академическэ ансамблым. Апхуэдэу пшыхьыр ягъэдохащ АР-м щІыхь зиІэ и артисткэ Къуийшыкъуэ Симэ, АР-м и щІыхубзэ артисткэ Нэхей Тамарэ, «Ислъэмей» къэрал ансамблым; уэрджы-Іакіуэ ныбжьыщІхэр Хьэ-мыкъу Шамсудин, Хьэ-щІ- дэ, Елдар Кадемир, Ашэ-щІ- Анжелэ, Бутых Вячеслав, Нэ-гъуэ [illegible]

«Адыгэ макъ» газетым кьыдэкІын зэрыщІидзэрэ илъэс 85-рэ щрикъум ирихьэлІэу, а газетым теухуа тхылъ кушІыфІэ, кьыдигъэкІащ абы и лэжьакІуэ, АР-м щІыхь зиІэ и журналист- Шыхьтэжь Хьэжрэтбий (редакторыр Дербэ Тимурщ). «Льэпкъым и макъ» - адыгэ тхылъым фІэщыгъэщІэ хуэхъуар.

ТХЫЛЪЫМ щыгъуазэ уещІ куэдым фІыуэ ильэгъуа адыгэ газетым кьикІуа гъэзуанэ кІыхьым и тхыдэм, нобэ и лэжьакІэм. Газетым и редактор нэхьыщхьэу щытахэм, зэман зэхуэмыдэхэм редакцэм щылэжьахэм, а кьыдэкІыгъуэм нобэ зи гуащІэ езыхьэлІэкІэм, абы льандэрэ ныбжьэгъу кьыхуэхъуахэм ятеухуа тхыгъэ куэд щызэхуэхьэсащ абы.

Пэублэ псалъэр зей, АР-м и Президент ТхьэкІушынэ Аслъэнджэрий жеІэ «Адыгэ макъ» газетым льэпкъым дежкІэ мыхьэнэшхуэ зэриІэр, псом хуэмыдэу бзэр, хабзэр, тхыдэр, литературэр хьумэнымкІэ кьалэнышхуэ зэрызэфІигъэкІыр.

1923 гъэм гъатхэпм и 8-м хьэрыпІ альфбедиІ льабжьэу ятІ адыгэ газетыр дунейм кьызэрытехьам щегъэжьауэ нобэр кьызідэсым кьикІуа гъуэгуанэм укІуэщрегъэлпхьэж тхылъым и уэхэзыгъэгъуазэ Іыхьэм.

«Льэпкъым и макъ» тхылъым и жьантІэр иратащ илъэс блэкІахэм газетым и редактор нэхьыщхьэу щытахэу КІэрашэ Къмбот, Хьэтхъуэ Ахьмэд, Льэбышэ Хьэзиз, Бэрцо Хьэрун, Шортэн Хьэмед, Андырхьуей Джантемыр, Мэрэтыкъуэ Рэмэзан, ХьэщІэмыз Биболэт сымэ ятеухуа тхыгъэ кІэщІхэм. Абыхэм кьакІэлъокІуэ нужьрей ильэсхэм газетыр зи нэІэ щІэтахэу Кьунижуэ Асфар, Бэгъуэша Аллэмэт, ПатІокъуэ Аслъэн сымэ нэІуасэ ХахуэзыщІ тхыгъэхэр.

Гулытэнэшэу кьагъэнакъым редакцэм и лэжьакІуэу щытахэу Хэку зауэшхуэм хэтахэр, нобэ кьахэмытыж нэхъыжьыфІхэр. Уди хьэжьыу укъоджэ нэхьапэм газетым щылэжьахэм я гупсысэхэм я гукъэкІыжхэм.

«Адыгэ макъым» щылажьэхэр кьоэзыгъэцІыху, абыхэм я гупсысэ хэм ущызыгъэгъуазэ тхыгъэхэм наІуэ кьащІ иджырей газетым и пльэр зэрыбыдэр, нэхъыжьхэм хаша льагъуэр гъуэгу бгъуфІэ зэрыхъуар. Ильэс зэхуэмыдэхэм редакцэм щылэ- жьахэм, иджыпсту зи гуащІэ езыхьэлІэ журналистхэм, нэхьыжьыуэхэм я суратхэм, льэпкъ газетым кьыхуагъэфэща щІыхь дамыгъэ хэм ягъэщІэращІэ тхылъыр.

Номер зэгуэтхэм ХьэфЫщІэ Мухьэмэд топсэлъыхь.



Хутэ Аминат, Езауэ Маринэ, НэщІэпыджэ Замирэ сымэ.

Дербэ Тимур

МэшхуэфІ Нэжджэт

• Номер зэгуэт

Гупсысэхэмкі Іэ зэтохуэ

«Адыгэ макъым» и гуфІэгъуэ зэхьихьэр иуха нэужь, кьыкІэлъыкІуэ махуэм зэкъуэш республикишым анэдэлъхубзэкІэ кьыщыдэкІ газетхэм я редактор нэхьыщхьэхэу ХьэфЫщІэ Мухьэмэд («Адыгэ псалъэ»), ТхьэгъэпсэуУвжыкъуэ («Черкес хэку»), Дербэ Тимур («Адыгэ макъ») сымэ бысым редакцэм щызэІущІащ.

АБЫ КЪРИХЬэЛІАЩ «Адыгэ макъым» куэд щІауэ щылажьэ журналист щІэрыІуэхэу **ЛІыхъуэжь Хьэжрэтбий, Пэнэф Хьэзрэт, Къэзан Юсыф**, редактор нэхъыщхьэм и япэ къуэдзэ **Аулъэ Руслан**, льэпкъ Іуэхум сыт щыгъуи зи гуащІэ хэзылъхьэ, адыгэ газетым кьытехуэ тхыгъэзэр тыркубзэкІэ зэри-дзэкІыурэ ди льэпкъэгъу хэхэсхэм ялъэзыгъэІэс **Мэшхуэфі Нэжджэт** сымэ.

ЗэІущІэр кьызэІуихри, я махуэ льапІэр зэридаІэтамкІэ хьэщІэхэм фІыщІэ яхуищІащ **Дербэ Тимур** икІи газетым и иужьрей ехьуЛІэныгъэхэм кІэщІу тепсэлъыхьащ. Абы кьыхигъэщащ зи унафэщІ газетым нобэ Іэмал куэд зэриІэр, адыгэм и псэукІэр льэныкъуэ куэдкІэ къэгъэлъэгъуа хъун папщІэ, журналист жьджэрхэм ялъэкІ кьызэрамыгъанэр, республикэм кьыщыкІуэ сыт хуэдэ Іуэхури и чэзум кьызэрытрадзэр.

Иджырей компьютер Іэмалхэр кьагъэсэбэпкІэрэ, «Адыгэ макъым» и теплъэри, ар зэрызэхъуэкІыр ирихьэлІэу, а газетым теухуа тхылъ кушІыфІэ, кьыдигъэкІащ абы и лэжьакІуэ, АР-м щІыхь зиІэ и журналист- Шыхьтэжь Хьэжрэтбий (редакторыр Дербэ Тимурщ). «Льэпкъым и макъ» - адыгэ тхылъым фІэщыгъэщІэ хуэхъуар.

Дэри, Интернет Іэмалхэр кьэдгъэсэбэпурэ, фи щІыналъэхэм щыхъыбархэр махуэ къэс кьытыдодзэ. КьыщынэмыщІауэ, дяпкІэ дгъэхьэзырынущ дуней псом щыпсэу адыгэхэм ятеухуа хьыбархэр щызэхуэхьса напэкІуэцІ. Си гуапэ хъунущ а Іуэхур фэри кьыддэфщІтамэ. Ильэсипщым щІигъуэу диІэщ «Щи-кьухьащ адыгэр дунеижьым» зи фІэщыгъэщІэ напэкІуэцІри.

Жысіэну сызыхуейраци, адыгэхэр зэрыгъуэтыжьынымкІэ, зэрыубыдыжьынымкІэ адыгэбзэкІэ кьыдэкІ газетхэм лэжьыгъэшхуэ ягъэзащІэри, ар зыщыдмыгъэгъупщэу, ди пщэ кьыдэкуэ кьалэнэр нэсу дгъэзэщІэн хуейщ. Ар нэхъыфІу кьыдэхъуІэнущ, дызэкъуэтмэ, дызэдэлажьэмэ. Нэхъыщхьэраци, ди гупсысэхэмкІэ дызэтохуэ.

«Черкес хэку», «Адыгэ макъ» газетхэм я гугъу щищІым, ХьэфЫщІэ Мухьэмэд кьыхигъэщащ. Ар ныбжьыдэкІ газетыр иужьрей зэманым и теплъэкІи, и купщІэкІи зэрефІэкІуар. Иджы ар плъыфитІу кьыдэкІ хьуащи, цІыхухэм ар нэхъ я щІэщыгъуэу къыпытэри, езыр зи редактор нэхъыщхьэ газетми апхуэдэ Іэмал кьыхуидихьну мурад зэрищІар жиІащ.

Мухьэмэд щхьэхуэу кьытеувыІащ накъыгъэм и 21-р - Адыгэ льэпкъым и фэеплъ махуэр, шыщхьэІум и 1-р - Адыгэ льэпкъым и зэхъуэтыныгъэм и махуэр къэрал унафэкІэ щІэгъэбыдауэ щытын зэрыхуейр, абы и Іуэху иджыпсту зэрызэрахуэр. А махуэхэм ирихьэлІэу номер зэгуэтхэр ягъэхьэзырну зэгуры Іуэхэщ редактор нэхъыщхьэхэр.

Тхьэгъэпсэу Увжыкъуэ кьыщыпсалъэм, номер зэгуэтхэр кьыдагъэкІыныр зэпагъэу зэрымыхьунум теухуауэ Мухьэмэд арэзы зэридэхъур кьыхигъэщащ. Шэрджэс газетым и Іэмалхэр зэрынэхъ мащІэм кьыкІыу, хаха къэралхэм ИнтернеткІэ запищІэныр иджыри хуэзэфІэкІыркъым. Ауэ и къуэш республикэхэм щІэуэ кьыщыхъу-кьыщыщІэхэр тредз. ХьэфЫщІэ Мухьэмэд кьиІэта Іуэхум теухуауэ Увжыкъуэ езым и еплъыкІэр кьигъэлъэгъуащ:

- Накъыгъэм и 21-р щыгъуэ махуэу жьдвмыгъэІэ, куэдщ дызэрыщыгъуар. Зэгуэхэныгъэм и махуэкІи уеджэну кьеэгъэзэгъыркъым, армырми дызэгуэтщи, - жиІащ абы. - АтІэ а махуэм адыгэм и къэщІэращІэжыгъуэ е зыужьныгъэ махуэкІэ деджэмэ нэхъ сфІэтэмэкщ.

А Іуэхуми, адрей зи гугъу ящІахэми зэреплъыр кьагъэзэгъуащ Мэшхуэфі Нэжджэт, ЛІыхъусэжь Хьэжрэтбий, Пэнэф Хьэзрэт сымэ.

Адыгэ газетишым я редактор нэхъыщхьэхэр зэакъылэгъуу кьытеувыІащ я нэІэ щІэт Іуэхур властымрэ цІыхубэмрэ зэпызыщІэ льэмыж къудей мыхъуу, адыгэ льэпкъым и Іуэхур езыгъэфІакІуэ къару льэщу зэрыщытым.

Тхылъэхэр зейр
НЭЩІЭПЫДЖЭ Замирэщ.
Суратхэр **КЪАРЕЙ Элинэ**
трихащ.

Пшыхьыр щиухым, «Адыгэ макъ» газетым и лэжьакІуэхэр утыкум къарашащ.

«Налмэс» ансамблыр къофэ.

НэщІэс Анжеликэ уэрэд жеІэ.

● Ди псэтэгъухэр

Ди щэнхабзэр тхуэзыхъумэ зэшхэр

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и цIыхубз артист Къардэнгъущ! Зырамыку и ныбжьыр ильэс 90 щрикъум ирихьлIэу сэ сыкIуащ абы и цIэр зрихьэу Налиик щыIэ фондым.

Фигу къэзгъэкIыжьыну сыхуейт а фондыр къызэгъэпэщыныр зи жэрдэмыр Мыд Аслъэнбэчу зэрыщытыр. Iуэхущ1апIэм и унафэщ1 кьалэныр егъэзащIэ Аслъэнбэч и къуэш Аскэр, и къуэ Алекс фондым и лэжьакIуэщ. Къардэнгъущым тхуэзэхуихьэсыжа щэнхабзэм, гъуэгъажьэм, тхыдэм и налкъутналмэсхэр тхуахъумэну мурад ящIащ Мыд зэкъуэшхэм. Тхуахъумэм и мызакъуэу, ар апэкIэ зэрагъэкIуэтэным, цIыхухэм ямыцIэ зыгуэрхэр утыку къызэрырахьным ящэсь итщ.

Сызыхуэзар Алексти, лэжьыгъэу фондым щекIуэкIыр щIалэм убыхуауэ къызжиIащ.

- Алекс, сыту пIэрэ уи адэм Зырамыку и цIэр зезыхьэ фонд къызэIуихыну мурад щIишIар?

- Льэпкъ щэнхабзэм псэ хьэлэмкIэ хуэлажьэхэр, ди гуапэ зэрыхьунри, мащIэкъым. Ауэ Къардэнгъущым хуэзфIэкIам нобэ кьыткIуэн щыIэкъым. Абы ещ имыIэу къызэхикIухьащ Кавказ Ищхьэрэр зэрыщыту, адыгэ Iуэрыlуатэр, уэрэдыжьхэр зэхуихьэсыжу. Ахэр сы дыдэм игъэзэщIжащ, иригъэтхыуэ фондым хилъхьащ. Сэ къызэрыщыхъумкIэ, абы уэрэджьыкIуэу зигъэIуну хуейуэ аракъым ахэр щIигъэзащIэр, атIэ жыIэкIэр бгъунлъэнкIэ, нэгъэщI зыгуэрхэр хэпщащхьуу я кьабзагьэр кIуэдынкIэ, и пжьыпIэр лъэпкым кьыхуэмыынэнкIэ зэрыщынэрт. Ди жагъуэ зэрыхьунри, зэманыр кIуэтэху, лъэпкъ щэнхабзэм дызыхуэмей куэд кьыхохьэ. Апхуэдэурэ екIуэкIмэ, ди щэнхабзэм и кьежьапIэр дымыщIэжу дыкъэнэнкIэ зыхуэIуа щыIэкъым. Араш Зырамыку и Iэдакъэщ1экIэр тхьымэну, зэрыхъукIэ абыхэм кьаХэдгъэхьэуну мурад щIэтщIар.

- Фондым и лэжьигъэр зэрыззтевхуам дыщыбгъэгъуэзмэ арат.

- Дауи, дэтхэнэ зы Iуэхурэ зытебухэуну тынщкъым, гугъуехь гуэрхэри хэлъащ. ИтIани, льэпкъ укъыхэжкIарфIыуэ птыгъуэ ерыщагъ пхэльу Iуэхум яужь уихьэмэ, уи мурадыр зэбгъэхьлIэфынущ.

Абы къищынэмыщIауэ, си адэм щIэгъэкъуэн кьыхуэхьащ, иджыри кьыдоIэпкъу ЩIэныгъэ-техникэ зыужьынныгъэмкIэ еджакIуэхэм я республикэ центрым и унафэщI Дыкъынэ Хъусен. Абыхэм дэ дызыхуэныкъуэ Iэмэпсымэ куэд яIэщ, проектхэр а центрым и гъусэу догъэхьэщIу. Аскэр а центрым и «ГугъапIэ» фотовидеостудием и методистщи, абы щеджэ щIыкIуэхэри ди деж кьыдошалIэ, сурэт, видео трахыу идогъасэ, журналист Iэщ1агъэм щыдогъэгъуазэ.

- Сэ зэхэсхащ Iуэрыlуатэ зэхуэфхьэсыр щхьэкIэ, щIыпIэ гуэрхэм фыкIуауэ. Дэнэ фыздэщыIар икIи хэт мылъкукIэ зыкъыфщIигъэкъуа?

- Ди фондыр къэралым ейкъым икIи коммерческэкъым, ди щхьэ хэутщIэжыфращ ди Iэр. Зэрымыи къыддэIэпыкъу щыIэщ, ауэ зыгуэрым ущыгугъуу ущыскIэ, Iуэхур кIуэтэнукъым. Ахьшэ кьыдолэжь, зэхьэзэхуэ зэхуэмыдэхэм дыхэтурэ. А зэпеуэхэр, ахэр зыIеуехуар, щекIуэкIыну щыIэхэр интернетымкIэ кьыдогъуэт. Псалъэм папщIэ, нэгьабэ гранту сом мин 60 къэтхьати, абыкIэ щIыху 12 ежьэри, адыгэхэр щыпсэу щIыпIэхэр кьыдэхакIухьащ. АХэр кIуащ Зырамыку илъэс 50 и пэкIэ зэдэщIа щIыпIэхэм.

Гуп ежьам я унафэщIыр Къэбэрдей-Балъкъэрым гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ и институтым и аспирант Табыщ Мурат. А щIалэм гуэр пэкIэ льэпкъым зэрыхуэлажьэм щхьэкIэ фIыщIэ лей хуэфащэщ. Табыщым абы теухуауэ тхьыльтх, сыту жыIэмэ а щIыпIэхэм Iуэрыlуатэм щыщу зэхуахьэсам и куэдагъэр пхужьIэнкъым.

- Нэхъ лэжьыгъэщхэу дыдэу сыт евгъэкIуэна иужьрей зэманым?

- Фондым къызэригъэпэщащ творческэ щIалэгъуалэм я зэлуIэ, КъБР-мрэ Осетие Ищхьэрэ-Аланиемрэ я щIалэгъуалэ комитетхэр хэту. Ар къызэгъэпэщныжмкIэ щIэгъэкъуэн хъуащ КъБР-м ЩIалэгъуалэ Iуэхуэхмрэ жылагъэр зэгугъэныгъэхэмкIэ и къэрал комитетыр, РЦНТТУ-м и «ГугъапIэ» фотовидеостудиер, Осетие Ищхьэрэ-Аланиемэ сабий творчествэмкIэ и «Эрэсик» гупыр.

- Алекс, Аскэри уэри фыщIалэщ, дауэ фигу къэжьа ди щIэныгъэлI-Iуэрыlуатэдж нэхьыжьыфI Къардэнгъущ1 Зырамыку и лэжьыгъэр зэфIыгъэныр, вгъэкIуэтэныр? Ди зэманым, ди жагъуэ зэрыхьэнри, мащIэу фIэкIа дрихьэлIэркъым си къежьапIэм кьыхуеплъэкIыж щIалэгъуалэ.

- Псори кьыщIежьэр унагъуэрщ. Дэ дызэрыщIыкIуэрэ ди нэгум щIокI дыкъэзыльхуахэм лъэпкыр фIыуэ зэральагъур, абы щхьэкIэ яхуэщIэнур зыхуэдизыр, дэрэ абы ящгъуэщIу дыхущытыну ди щIыхьэпIэм кьыхэуалъхьэм.

- ФефIэкIуэну, фхуэзфIэмыкI щымыIэу Iуэхущ1апIэ бей фыхьуну ди гуапэщ.

Епсэлъар
БЭЛЭТОКЪУЭ Светэщ.

Жьыщхьэ махуэ (мы сурэтыр Зырамыку ильэс 90 щрикъу махуэм трахащ). *2008 гъэ, щIыщылъэм и 10.*

Ди Зырамыку

Къардэнгъущ1 Зырамыку ущытхьэну тынщ1 икIи гуэрхэр. Щ1этыныщыр ущы-щытхьэнуныр куэд мэхъури, щIэгугъур абыхэм ящыщу зыгуэр кьыщымыгъупщэу къызэщIэуфыдэгъуейщи араш.

СЭ ЗЫРАМЫКУ сыдэ лэжьакъым, ныбжькIи дызэныбжькъым, ауэ ар ильэс куэд щIауэ соцIыху, си ныбжьэгъу, къуэш нэхъыжьуи къэслъытэу дыкъыздокIуэкI. Мыбы япэкIэ Зырамыку мызэ-мытIэу сытетхьыкащ. Абы теухуа очерк итщ нэхъ пасэу адыгэбзэкIи урысибзэкIи кьыдэкIа «Вагъуэбэ» жьыхиIэ си очерк тхьылъхэм. Къардэнгъущым и ныбжьыр ильэс 50, 60, 70, 75, 80 щрикъуа и махуэ льапIэхэм ирихьэлIэу абы теухуа си тхыгъэхэр газетхэми тетащ, радиоми кьитащ, и гуфIэгъуэ пшыкхэм сыхэтащ. Мы гъэм ильэс 90 щрикъу и гуфIэгъуэми и унэ кIуэуэ екъуэхьуа ныбжьэгъухэм саугъэтащ. Абы щыгъуэ, ауэ дыздэщысым, сэр-сэрурэ сегупсысащ «нэхъ щыщIалэм щыгъуэ Iэтауэ я игъэльэпIащ, иджы мыпхуэдэу щэху цIыкIуу зэфIагъэкIыну пIэрэ», - жысIэри. Си закъуэуи кьыщIэкIынтэкъым абы гу лыэбытар икIи псомэ ди гупэ хъуащ, республикэм и унафэщIхэм я жэрдэмкIэ, Зырамыку пшыхь дахэ зэрыхуащIар.

Зырамыкурэ сэрэ зы Iуэхущ1апIэ дызэдыщIэмысами, дэ тIур лэжьыгъэкIэ дызэпэIэщIакъым. Сэ ильэс 25-м щIигъукIэ сыщыIэжьа радиокомитетым Зырамыку сыстыми щыгъуи быдэу пыщIауэ щытащ. Абы и гуэрэдхэр дунейм кьытезыгъэхьари цIыхубзм зэхэзыгъэхари радиоращ. Япэ фIыщIэр зейр гъэкIуэдын хуейкъым. Ар радиокомитетым макъамэмкIэ и редактору илъэс куэдкIэ лэжьа Сэкрэк Хьэсэнщ. Араш Къардэнгъущым дамэ хуэхьуа ди адыгэ уэрэдыжьх тельыджэхэр ящIенкэм тезытхар, цIыхубзм зэхэзыгъэхар. Ар ауэ сытми кьыззэригъэкIуэ Iуэху тынш цIыкIутэкъым, Зырамыку гугъуехь Iэджэм Iууэрт. Щы1эт адыгэ у эрэдыжьхэм ди лъэпкыр зэхуэмеищэу, зэманым дежьу уэрэд жьыIэгъуафIэ цIыкIухэр япэ игъэщIын хуейуэ къэзылъытэхэр. А зэманым сэ радиом адыгэ я Iуэхум яужь ихьащ. Япэу утыкур хуит хуащIащ Зауэм рэ лэжьигъэмрэ я ветерانхэм я хорым.

Бахьсэн, Налшык къалэхэм, Дзэлыкъуэ, Лэскэн, Прохладнэ, Ърч, Аруан, Шэджэм, Шэрэдж, Iуащ1ьэмахуэ районхэм я лIыкIуэхэм я гъэзэщIащ адыгэ уэрэдыжь куэд. Апхуэдэхэт, псалъэм папщIэ, «Iэдинху», «Сэнджэлей», «Нусэ и уэрэд», «Гуащэмахуэ», «Уэзы Мурат», «Адыгэ Хэку», «Си къуэш-си пщафIэ», «Си Рэмэзан», «Айтэч», «Мэлыхъуэм и гъыбзэ», «Гуащэгъагъ и уэрэд», «Адыгэщхэм я тхьэусыхэ», «Сэрмахуэ», «Къашыргъэ Алихьан и гъыбзэ», «Алий и уэрэд», «Iуащ1ьэмахуэ» жьыхиIэхэр, нэгъуэщIхэри. Псэм ехуэбылIэ макъамэхэр щыIуэ зэхьэзэхуэр сыхьэптIым щIигъукIэ екIуэ кIащ.

КъБР-м Щэнхабзэмрэ хъыбарегъащIэ Iэнатlэ хэмкIэ и министерствэм хэрихьэжьа мы Iуэхур-фIыт, дэгъуэт, тIъэгъуар «къытIурыlэзгъэупщIыIуэжа» зыгуэр эхьэмыльамэ. Концертыр зэрекIуэкIам хуэдиз зэманым екъэехуэкIэ дежьащ текIуаэхэр кьыхахьыну пэш щхьэхуэ игъэкIуэ къэпщытакIуэ гуэпым я псалъэм. Пэжщ, зэхьэзэхуэм хэтахэми, уэрэд жьIэным дихьэ хьу зэIуцIэм кьрихьэлIахэми, зэрыхъукIэ, цIыхухэр трагъэуащ, я нэгу зрагъэужьащ. Ауэ зыгуэрым уежьэныр зэрыгугъу ящIэу къэпIуэтэ щхьэхуэ я ныкIуэхэм я гъыбзэ, «Гуащэгъагъ и уэрэд», «Адыгэщхэм я тхьэусыхэ», «Сэрмахуэ», «Къашыргъэ Алихьан и гъыбзэ», «Алий и уэрэд», «Iуащ1ьэмахуэ» жьыхиIэхэр, нэгъуэщIхэри. Псэм ехуэбылIэ макъамэхэр щыIуэ зэхьэзэхуэр сыхьэптIым щIигъукIэ екIуэ кIащ.

КъБР-м Щэнхабзэмрэ хъыбарегъащIэ Iэнатlэ хэмкIэ и министерствэм хэрихьэжьа мы Iуэхур-фIыт, дэгъуэт, тIъэгъуар «къытIурыlэзгъэупщIыIуэжа» зыгуэр эхьэмыльамэ. Концертыр зэрекIуэкIам хуэдиз зэманым екъэехуэкIэ дежьащ текIуаэхэр кьыхахьыну пэш щхьэхуэ игъэкIуэ къэпщытакIуэ гуэпым я псалъэм. Пэжщ, зэхьэзэхуэм хэтахэми, уэрэд жьIэным дихьэ хьу зэIуцIэм кьрихьэлIахэми, зэрыхъукIэ, цIыхухэр трагъэуащ, я нэгу зрагъэужьащ. Ауэ зыгуэрым уежьэныр зэрыгугъу ящIэу къэпIуэтэ щхьэхуэ я ныкIуэхэм я гъыбзэ, «Гуащэгъагъ и уэрэд», «Адыгэщхэм я тхьэусыхэ», «Сэрмахуэ», «Къашыргъэ Алихьан и гъыбзэ», «Алий и уэрэд», «Iуащ1ьэмахуэ» жьыхиIэхэр, нэгъуэщIхэри. Псэм ехуэбылIэ макъамэхэр щыIуэ зэхьэзэхуэр сыхьэптIым щIигъукIэ екIуэ кIащ.

Iуэхуэхэр нэхъ кьыщыIэзгъэщIылIа хуэдэу щытти, зэрыслъэкIкIэ, Зырамыку зыщIэзгъэкъуащ икIи ди лъэпкъыр зыхуейуэ абы ищIэ псори плЕнкэм тригъэтэхэн папщIэ гъуэгу естащ. Псом хуэмыдэу абыхэм я фIыпIэу иджы радиом и дыщэ фондкIэ зэдэжьм кьыдэкIуэ «Уэрэдыжьымрэ абы екъэлIа ныкъыбгъэкIуэ». Мыри щIыгъужьнщи, радиокомитетым и унафэщIу лэжьа Къардэн Башири, Хьэту Ахьмэди, Дыду Владимири ди жэрдэмыр кьыдалIагъуу, Къардэнгъущым кьыбгъэдэкI дэтхэнэ зы Iэжьыгъэри зэрыльапIэр кьагурыIуэу, пщIэн хуащIу щытащ.

Къардэнгъущ1 Зырамыку кьыщIальхуа къуажэм дэсащ Дол Хьэжпагуэ жаIэри лIыжь гуэр. Ар Зырамыкуэ я гъунэгъут, Зырамыку и кьуэш нэхъыжь Мышэрэ абыхэр зэныбжьэгъут, тIури зэгъусэу граждан зауэм зэдэщыIат. А тIум уэрэд куэд ящIэр т, зэпэдэжьу, зэныкъуэкъуу ахэр дахэу жаIэрт. Къуажэм гуфIэгъуэ, хьэгъуэлIыгъуэ кьыдэхъуамэ, Хьэжпагуэрэ Мышэрэ я Iуэрт. Ахэр хэмытмэ, абы жаIэ у эрэд гурыхьхэм щымыдэIымэ, зыри я нэм кьимыкъ хуэдэт. Зырамыку щIалэ цIыкIури здащэурэ а уэрэдхэм щагъэдэIурт. Зырамыку жиIэу радиом кьит уэрэдхэм ящыщ куэд япэу щIэзэхихар а зэманырщ, а тIум жаIэуэ.

Зырамыку иIащ нэгъуэщI кьуэш нэхъыжьи - Мурид. Псыгуэнсу кьуажэ колхозым и унафэщIу, парт организацэм и секретару лэжьа Мурид уэрэдхэр апхуэдизкIэ фIыуэ ильагъурти, уэрэд жьIэнкIэ Iэзэ адыгэ лIыжьхэр ильэс кьэс зэхуишэсурэ зэхигъэст, игъэхьэщIэрт, зэпригъауэрт. ЖаIэ кьудей мыхьуу, а лIыжьхэр зэныкъуэкъуу тепсэлыхьырт уэрэдхэр кьыззэрыхьуа щыкIэм, ахэр зыгуэхуа цIыхухэм я кьекIуэкIы-кIам, зэрахьа лIыгъэм. Зырамыку щIалэ цIыкIур мащ а лIыжьхэм я уэрэдхэми, кьаIуэтэжьхэми гупсэхуу щIэдэIурт, ахэр и гуи ирпуIбыдэрт. Абы дежкIэ псом хуэмыдэу мыхьэнэшхуэ Iащ лIыжь губзыгъэ, Къэбэрдей-Балъкъэр АССР-м и цIыхубз усакIуэ Хьэхьупащ1э Амырхан и псалъэ Iущхэм. Зырамыку иужькIэ адыгэ уэрэдыжьхэр зэрыжиIари а зэманым Амырхьан и жьыIэкIам хуэдэущ.

Къуажэ школым щыщIэса ильэсхэм Зырамыку самодеятельнэ кружокхэм, спектакль ягъэувхэм хэтащ. Ар кьадэхьуащ и кьуажэгъу, драматург цIрыIу Акъсырэ Залымхан, РСФСР-м и цIыхубз артист Сонэ Мухьэрбий, КъБАССР-м и цIыхубз артист Болэ Мурат, Къэбэрдей-Балъкъэр АССР-м щIыхь зиIэ и артистхэу Щхьэгъэпэсу Мухьэмэд, Сонэ Башир сымэ.

Зырамыку драматургием хэлъхьэныгъэшхуэ хуищIащ. Ар «Гуащэгъагъ» адыгэ уэрэдыжьымрэ абы теухуа хьэбар гъэщIэгъуэныкъэ дихьэхри, абыхэм ящIэль гупсысэ куур тэмэму кьыгъэсэбэнурэ, и ныбжьыр ильэс 21-м иту итащ «Кьанщобийрэ Гуащэгъагърэ» пьесэр. Ар цIыхухэм я гум екуэбылIэу, фагъуи кьаруунщи мыхьуу Адыгэ драмтеатрым 500-м щIигъурэ игъэльэгъуащ.

Иужькъ Iэ ягъэуващ Зырамыку итха «Хьуэжь» пьесэр. Ари екъулIэныгъэ иIэу утыкум итащ.

Къардэнгъущ1ыр дэ доцIыху зэфIэкI зиIэ, и Iуэхум фIыуэ щыгъуазэ щIэныгъэ лэжьакIуэу. Ильэс куэдкIэ ар Къэбэрдей-Балъкъэр щIэныгъэ-къэхутакIуэ институтым щылэжьащ. Абы кьару ин ирихьэщIащ адыгэ Iуэрыlуатэр зэхуэхьэсыным, тхылъу кьыдэгъэкIыным. Нарт эпосыр тхыжьыным Зырамыку лэжьыгъэщхуэ хилъхьащ. Ар гуащIафIэу хэлэжьыхьащ нартхэм ятеухуауэ сыт хуэдэ тхылъ кьыдэкIами. Зырамыкущ зыигъэхьэзырар 1974 гъэм тхыгъэхэр урысыбзэкIи адыгэбзэкIи иту Москва кьыщыдэкIа «Нартхэр» тхылъ иныр. Къардэнгъущым 1957 гъэм адыгэбзэкIэ зэредзэкI адыгэ ежьагъэшхуэ Нэгумэ Зыбэ урысибзэкIэ итхауэ щыта «Адыгэ лъэпкъым и тхыдэр» тхылъыр. 1958 гъэм адыгэбзэкIи урысибзэкIи кьыдэкIащ Зырамыку самобийхэм папщIэ итха «Мыщэ шу» зыбфIища и тхылъыр. «Дышэ кIанэ», «Къэбэрдей тауры ыхьэхэр» тхылъхэми абы зэхуихьэсыжа, итхыжа тауры ыхь куэд ярытщ. Махуэ Iэлисэхьэрэ Зырамыкурэ зэгъусэу 1959 гъэм кьыдагъэкIащ «Хьуэжэ и тауры ыхьищэ» тхылъыр. КьыкIэльыкIуэ ильэсым дунейм кьытехьащ сабийхэм папщIэ итха «Нобжьэгъу пэж» тхылъыр. Ар кIэрашэ Тембот адыгеи-бзэкIэ зэридзэкIауэ Мейкъуапэ кьыщыдэкIащ.

«Адыгэ псалъэжьхэр» тхылъитIу, «Адыгэ Iуэрыlуатэхэр» тхылъитIу, «Адыгэ уэрэдыжьхэр», иджырей уэрэдищэ зэрыт «Уэрэдыльэ», «Адыгэ лъэпкъым и шыпсэкIэ», Агънокъуэ Лашэ, Кьэжэр Индрис сымэ кьыгъэна усэхэмрэ уэрэдхэмрэ щызэхэуэсха тхылъхэр, нэгъуэщIхэри Зырамыку и Iэдакъэм кьыщIэкIащ. Зырамыкущ кьаруушхуэ ирихьэлIащ адыгэ лъэпкъым (нэгъуэщI къэралхэм щыпсэуэхэри хэту) игъащIэ пьандэрэ я уэрэду, макъамэу, пшынальэ у кьыдекIуэжкIар адыгэбзэкIи урысибзэкIи, нотэри щыгъуу иту, томищу Москва кьыщыдэгъэкIыным. Ар адыгэ лъэпкъ щэнхабзэм дежкIэ хэлъхьэныгъэ ин дыдэщ. Абыхэм нэмыщI, Зырамыку и рассказхэр, нэгъуэщI тхыгъэхэр газетхэм, журналхэм кьытохуэ, радиокIэ кьат.

Къардэнгъущ1 Зырамыку адрей цIыху псоми ещхьу дунейм тетщ. Ауэ «Нартыгу и уэрэдыр» кьыхидза ижь, ар псоми кьахощ, зэщхьыжуи зы цIыхуи щыIэжьым. Адыгэ хэкуэм кьыщыпхуэгъуэтыныкъым абы хуэдэу ди уэрэдыжьхэр фIыуэ зыщIэрэ дахэу жьызыIэрэ. Аркъудейкъым. ИгъэзащIэ дэтхэнэ уэрэдми ехьэлIа хьыбархэр, ахэр зэрызэщхьэщыкIэр, ахэр яусынкIэ щIэхъуар, зыусар, зэманым зэхъуэгъкIыныгъэ хилъхьар, нэгъуэщI Iэджи абы гукIэ кьыбжеIэжьыф. Адыгэ гъащIэм, дыкъэзыльхъуахэм кьагъэна хабзэм, хьэп-щэным, нэмысым щыщу ар зыщымыгъуазэ кьэгъуэтыгъуейщ. Ахэр щыхьэт тохьуэ Зырамыку уэрэдхэр зыщIыпIэ гуэрым щызэхиха кьудейкIэ зэрыжимыIэм, атIэ абы и лъабжьэр, и купщIэр кьызэрихутэм. Абы кьыхэкIыуи, Зырамыку и уэрэдхэм уащедаIуэкIэ, кьыпфIощ1 ар зытепсэльыхь Iуэхугъуэхэр асыхьэтым уи нэгу щIэкIыу, плъагъуу.

Къардэнгъущым уэрэдыжьыр цIыхубэм зэрыжиIэ дыдэм хуэдэу егъэзащIэ. Зырамыку и уэрэдхэм едалIуэ адыгэ псомэ я гурыльыр кьыIуатэм хуэдэу, ткакIуэ Теунэ Хьэчим мыпхуэдэу итхат: «ЩIыхь зыхуэсщI Зырамыку! Уэ жьыпIэу сэ седэIуащ нэсауэ адыгэ уэрэдыжь. Сэ абы гукъыдэжу, гупсэхуугъуэ ин кьызит ащ. Уэ нэсауэ зыхьибощIэ адыгэ уэрэдыр, ар зэхэзылъхьа лъэпкъым и кьэлыр».

Адыгэ лъэпкъым и тхакIуэшхуэ, Къэрал саугъэтым и лауреат КIэрашэ Тембот и «Абрэдж» тхылъ гъуэзэджэр Къардэнгъущым кьыщритым, мыпхуэдэу кьытритхат: «Уи макъри уи талантри нэ хьри хэхъуэну, адыгэ лъэпкъым хуэпщIэм щхьэкIэ пщIэ пхуэсщIу», жиIу.

Къардэнгъущым теухуауэ тхакIуэ цIэрыIуэ, литературэ критик IэкъуэльэкIуэ Нало Заур итхауэ щытащ «Талантыр зи дамэ» зыфIища тхыгъэ мыин дыдэ. Итхаракъым мыр кьыщIэсхьыр, фIищар зэрыщэрыуэрщ. Дахэу, хуэкIуэу жиIащ, пэж дыдэу, Зырамыку талантыр и дамэщ. Ауэ абы «Уэрэдыр зи дамэ» хужьпIи хьунущ.

Зырамыку жиIэу уэрэд куэд пластинкэм тратхауэ щIыпIэ Iэджэм щызокIуэ. НэгъуэщI къэралым щыпсэуэхэр кьыщIэльэIуурэ ахэр ирагъэхь. А уэрэдхэм едэIуа нужь, гумащIэ хъуауэ Иорданием щыпсэу Шурдымхэ я щIалэм мыпхуэдэу Зырамыку кьыхутахащ: «Ди кьуэш льапIэ Зырамыку! Хэкужьым и жьыбгъэ IэфIыр кьысщIихьэну Iэмал згъуэттэмэ, и пщIэ стынт. Ди адыгэ хэкужь дахэр ди гум илъу дыкъохьурэ, ди псэм хэлъу дощIэж - фи дежкIэ дынапIьэурэ ди нэхэр игъуукIащ...». Зи Хэкум кьыщIэбгъыу зи гъащIэр хэхэсу зыхь адыгэхэм я гум аддэ гъэпщкIуауэ иль псори Зырамыку и уэрэдхэм кьызэрызэщIалэтэм и щIыхьэту, абы нэмыщI нэгъуэщI письмо Iэджи кьыхуатхауэ ехьумэ.

Зи адыгэ лъэпкъым и щэнхабзэм, гъуэзджэм гугъу зригъэхьу и гъащIэ псом хуэлажьэ, зи ныбжьыр ильэс 90 ирикъуа ди Зырамыку ноби зыкIи ужьыхакъым. Иужьрей зэманым «Iуащхьэмахуэ» журналым, «Адыгэ псалъэ» газетым кьытрадза тхылъэхэр, и зауэ гъуэгуанэм, адыгэ уэрэдыжьхэм, я кьуажэ Псыгуэнсу теухуахэр удахьжьу, к упщIэшхуэ хэлъу тхащ. Сэ сыт щыгъуи сыдихьэхыу сызэдаIуэ Зырамыку и гушIуэ тельыджэхэр иджыри ихахкым, дяпэкIи кьыдэгущыIэну Тхьэм хилъ.

Зырамыку ильэс 90 щрикъум «Iуащхьэмахуэ» журналым традза тхыгъэм Зырамыку и унэщIэм пыр «гъущIыр» «жыр»-кIэ зэрызэрахьэжкIар хъарзынэу кьрагъэзэгъащ. Ильэс 90-м абы гугъуехьрэ нэщхьеягъуэу ильэпгъуа кьомым кьыщIелакIэ, ар гъущIым кьыщIымынэу, жыриу жыхуиIащ, Аращ, фIыщIэ, Зырамыку. Ильэси 100 щIэурикъум деж хьыбарыншэ думыщI.

КЪЭРМОКЪУЭ Мухьэмэд,
КъБР-м и цIыхубэ тхакIуэ.

И благъэхэр и гъусэу. *1988 гъэ*

● Зэкъэзэхуэ

Уэрэдыжьхэр жыпIэну тыншкъым

Ди республикэм щаублащ адыгэ уэрэдыжь жызыIэхэм я фестиваль-зэхьэзэхуэ. Абы зэрихьэнущ ди лъэпкъ Iуэрыlуатэм и хьумакIуэ гъуэзэджэ Къардэнгъущ1 Зырамыку и цIэр. Гъатхэпэм и 14-м Къэрал концерт зэгъэгъэупIэм щызэхэта зэпеуэр езыгъэкIуэкIар Профсоюзхэм Щэнхабзэмкlэ я унэм и режиссер Гумэ Маринэщ.

- АДЫГЭIуэрыlуатэм и патриархъ, КъБР-м и цIыхубз артист, драматург, къэхутакIуэ, адыгэ уэрэдыжьхэр екIуу жызыIэ Къардэнгъущ1 Зырамыку, зэрыфщIэщи, мы гъэм и ныбжьыр ильэс 90 ирикъуащ. Ди республикэм и жылагъуэ лэжьакIуэхэм хэIэтыкIауэ ягъэлъэпIащ цIыхубз псом ди гуфIэгъуэу къэплъытэ хьуну а IуэхущIэм. Нобэ дыкъыщIэзыIэсауэ цIыхубзхэм зыусыгъуэ дахэри Зыра мыку и махуэм кьыпыщIэщ, - жиIащ Маринэ. ИтIанэ къэпщытакIуэ гупым хэтхэр дигъэIуIхуащ. Ди республикэм и районым псоми кьыкIа уэрэджьыкIуэхэм я зэфIэкIыр кьэтыныгъэр кьаIэн зыщащIа гупым я унафэщIт КъБР-м и къэрал филармонием и симфоние оркестрым и художественнэ унафэщI икIи и дирижер нэхъыщхьэ, УФ-м и цIыхубз артист, ди республикэм и Композиторхэм я союзым и тхьэмадэ **Темыркан Борис.** Абы хэтт езы **Къардэнгъущ1 Зырамыку**, Зырамыку, зэрыфщIэщи, мы гъэм и ныбжьыр ильэс 90 ирикъуащ. Ди республикэм и жылагъуэ лэжьакIуэхэм хэIэтыкIауэ ягъэлъэпIащ цIыхубз псом ди гуфIэгъуэу къэплъытэ хьуну а Iуэхущ1эм. Нобэ дыкъыщIэзыIэсауэ цIыхубзхэм зыусыгъуэ дахэри Зыра мыку и махуэм кьыпыщIэщ, - жиIащ Маринэ. ИтIанэ къэпщытакIуэ гупым хэтхэр дигъэIуIхуащ. Ди республикэм и районым псоми кьыкIа уэрэджьыкIуэхэм я зэфIэкIыр кьэтыныгъэр кьаIэн зыщащIа **Iутlыж Борис**, УФ-м щыщ Маринэ, ИтIанэ къэпщытакIуэ гупым хэтхэр дигъэIуIхуащ. Ди республикэм и районым псоми кьыкIа уэрэджьыкIуэхэм я зэфIэкIыр кьэтыныгъэр кьаIэн зыщащIа **Мэремыкъуэ Хьэсен**, УФ-м щыщ зиIэ и артист **Хьупсырджэн Албэч,** уэрэд щIэрыIуэ куэд зытха **Щомахуэ Хьэсэнбий** сымэ.

Фестиваль-зэхьэзэхуэр абы хэтхэм, адыгэ уэрэдыжьхэр фIыуэ зыльгъэIуу зэIущIэм кьрихьэлIа псоми яхуэгъэза псалъэ гуапэкIэ: Темыркъан Борис кьыхэIэпэкIыну, уэрэджьыкIуэхэр я Iуэхум яужь ихьащ. Япэу утыкур хуит хуащIащ Зауэм рэ лэжьигъэмрэ я ветерانхэм я хорым.

Бахьсэн, Налшык къалэхэм, Дзэлыкъуэ, Лэскэн, Прохладнэ, Ърч, Аруан, Шэджэм, Шэрэдж, Iуащ1ьэмахуэ районхэм я лIыкIуэхэм я гъэзэщIащ адыгэ уэрэдыжь куэд. Апхуэдэхэт, псалъэм папщIэ, «Iэдинху», «Сэнджэлей», «Нусэ и уэрэд», «Гуащэмахуэ», «Уэзы Мурат», «Адыгэ Хэку», «Си къуэш-си пщафIэ», «Си Рэмэзан», «Айтэч», «Мэлыхъуэм и гъыбзэ», «Гуащэгъагъ и уэрэд», «Адыгэщхэм я тхьэусыхэ», «Сэрмахуэ», «Къашыргъэ Алихьан и гъыбзэ», «Алий и уэрэд», «Iуащ1ьэмахуэ» жьыхиIэхэр, нэгъуэщIхэри. Псэм ехуэбылIэ макъамэхэр щыIуэ зэхьэзэхуэр сыхьэптIым щIигъукIэ екIуэ кIащ.

Зэлым щIэсахэм ягу зэрырихьар Iуащ1у Iэгуаер зэрыхуэIэтат Шэрий Исльам (Ърч район). Дэ къыдгуроIуэ увыпIищIэр псоми зэрахуримыкъунур, ауэ зэчий зыбгъэдэлъ щIалэр гулъытэншэу кьызэрынар цIыхухэм я жатъуэ зэрыхъуам щIы хэлъкъым.

ЗэIущIэр зэхуищIыжащ КъБР-м щэнхабзэмрэ хъыбарегъащIэ Iэнатlэ хэмкIэ и министр **Тут Заур** . Ар кIэщIу тепсэлъыхьащ адыгэ уэрэдыжьхэр лъэпкъым кьыдекIуэкI хъугъуэфIыгъуэу зэрыщытым, ахэр хъумэн, жызыIэхэр гъэгушхэн зэрыхуейм. Апхуэдэуи кьыхилъхьащ мыпхуэдэ зэIущIэхэр ильэситIым зэ ирагъэкIуэкIыну.

ИСТЕПАН Залиив.

Сурэтхэр **КАЮДИН Евгений** *трихащ.*

Тхыдэм дерс къыхэдмыхыу хъункъым

ДУНЕЙМ щыпсэуэ лъэпкъ псоми ялажьа Іуэхуҟуэхэм я нэхъ тельыджы дыдэщ тхэкІэ, адэжэкІэ къызэрагупсысар. Адыгэхэри я тхыбзэ зэрагъэпэщыным куэд дыдэ щІауэ хуэхъэзыру щытащ, ауэ ар я насыпт къыщихьар XIX лІэщыкІэгъэщ. Мы Іуэхуҟуэм зэран хуэхъуар куэд мэхъу: кІэ зимыІэ зауэхэр, дин, псэупІэ хъуэжыныр, зэныкъэжъныр, н.кь.

Я тхыбзэкІэри я ГъусэУ, дунейм трахужа лъэпкъхэри ививилизацэ инхэм ящІэ. Ирландиер, Шотландиер къэхутэныгъэхэм кьагъэпэгъуаращи, псом ящІэ я анэдэлъхубзэкІэ тхэн щІэзыдзаэр кичтайхэряу къыщІэкІащ. Абыхэм тхыбзэ ящІэ илъэс минитхум щІигъуауэ. Аэрэщ тхылъымпІэр къэзыгупсысари.

Урысыми я жыІауэ, «да ди уэрамми къэсащ» тхыбзэм и махуэшхуэр. Ар гуфІэгъуэщ икІи адыгэ псоми я зэхуэдэ Іуэху щхьэпэщ. Абы тепТхыкьыфынри мащІэкъым. ФІыщІу уэрэ яхуэфащІ тхыбзэм хуэпэжьа щэныгъэпІэхэм, абы зезыгъэужьа щІыху щэджащэхэм. Сэ зи гугъу сщІынур нэгъуэщІщ: сыт хуэдэ Іуэху гуэзвэгъуэ къыхуэкъуэкІа нобэ ди бзэм, ди тхыбзэм? Дауэ хуэну хамэ хэзарахэм щыпсэу адыгэхэм я анэдэлъхубзэр? Сыт пщІэдгъэувэнур глобализацэм?

Псоми зэращІэщи, ди лъэпкъэгъэхэр нэхъыбэ дыдэу щыпсэур Тырку къэрралырщ. А къэралыгъэр Европэм и зэгуфыкІэным ящІэ ипитщ. Европэм абы къыпимыбыщ щхьэусыгъуэхэм хэтщ мытырку (курд, адыгэ, н.) лъэпкъхэр я анэдэлъхубзэкІэ зэрымытхэр, зэремыджэр. Тырку политикэхэр егупсысри, адыгэхэм ирыкъ ильэсхэм хуитныгъэ гуфхэр ирагъэкІащ. Ахэр я бзэкІэ тхэным, еджэным пэрдмыцуэну, адыгэ тхыдэм, бзэм, щэнхабзэм щытепсэлъыхьын папщІэ телевиденэм зэман щыхуахьыну. Абы ипкъ иткІэ, 2003 гъэм накьыгъэ маззм Анкарэ щІэнаГъэ конференцыем дригъэблагъэуэ щытащ «Кавказ унэ» жыхуиІэ Адыгэ хасэм (абы и унафэщІу а зэманым тетащ АГъашэ Мухьэдин). Урысей Федерацэм иклар зы гуп щыкІу дыхьэрт: доктор, профессор Благъэужь Зулькъэрин (Адыгей), доктор Бищо Борис (КъБР), профессор, абазэ щІалэ ПІаз Сергей (КъШР). Сэри Къэрэшей-Шэрджэсым срилыкІыгъэ а зэманым. Я лІыкІуэхэр кьагъэкІуат Сириеи, Иорданиеи, Голландиеи. Кьалэну диІар зыт - хэхэс адыгэхэм я тхыбзэр зэгъэпэщын, абы и алфавитым и тхыкІэ хъунур къыхэхьын. Тыркым щыпсэу адыгэхэм ящІэфІт тхыбзэр латин графикэм тетыныр, сыту жыпІэмэ, абыхэм я деж ар нэхъ тынныр, я сабийхэм ядж тырку бзэр аращ зытехуэри. Дэ, Урысейм иклахэр, кириллицым дрителъхьэт. Сириеиме Иорданиеми ди акъылэгъут. Апхуэдэу щытхъум, Іуэхум зэдауэшхуэ кьиклащ. Сэ щхьэихуэу жысІащ. Тыркум ис адыгэхэм я Іуэху епльыкІэм политикэр зэребэкІыр, латин алфавитым псори дытехьэмэ, хэкум кьина адыгэхэм илъэсищэм нэскІэ зэрагъэпэща литературэр, бзэщІэныгъэр зэрафІэкІуэдынур. Дэ, Хэкужьым щыпсэу адыгэгъэхэр, деплІащ графикэ псоми: къэрыпми, латинми, кириллицэми икІи урыс графикэм и зэфІэкІыр нэхъ ину къэтлытащ. Адыгэбзэм макъ куэд иІащ, итІани урысыбзэ алфавитым псори йотІысхьэ, нагъыщэ ящІ къиныгъэсэбэпу, апостроф закъуэм щыщынэмыщІащэ. Пэжщ, макъ щхьэхуэхэр хьэрф зэгуэткІэ кьыдогъэлъагъуэ. А зыращ ди алфавитым ныкъусаныгъэ нэхъ ину иІэр. Ауэ дунейм хьэрф зэгуэтхэр алфавит зыбжанэм кьыщагъэсэбэпыр: нэмыщІэхэм («Дойч» псальэм фелпъыт), франджыхэм («Рено» псальэм хьэрфифІ кьеГъэсэбэп). Инджылыхэр я алфавитым езыхэр щодыкъэпсыж мы жыІэгъэужьуэ я къэзыгъэуВ, щы-гэхэм кьинэмыщІауэ. КьэгъэувыІэн хуейщ дызыхэмэй псальэмакъыр.

Тыркумкі э дгъэзэжьынщи, 2003 гъэм, дыщыізэгурымыІуэм, зыгуфыкІ кьыхилъхьэри, алфавитым и вариантэ ту тщІащ - зыр латин графикэм тету, адрейм ди тхэкІэ кириллицэр и лъабжьэу. И кІэм ди кьэушхэхэсхэм делъэІуащ я хьэрэ зыхэпыІэ эщІамыгъэгупщэну, ди тхэкІэр зэпэІэщІэ политикэм ирамыгъэщІыну. Абы лъандэрэ ильэситху хуэдиз дэкІащ, зэманми кьиргъэльэгъуащ ди Іуэху епльыкІэр зэрыпэхъэ захуэр. Сириери, Иорданиери, Тыркури зэреджэну я мурадыр ди алфавитымкІэщ, ауэ Тыркум щыпсэу адыгэхэм ящыщ гуэркІэ адыгэм латин графикэм техьэным теухуа псальэмакъ.

Иджыри зы гукъеуэ. Адыгэхэр лъэпкъ щыкІуэ дыщытакъым XVIII лъащІыгъуэм, ди бзэр щыкІуэнт. Абы и щыхьэгъуэ диалект зыбжанэ зэрыдиІар. 1922 гъэм тхыбзэр щІыхьэм щыхапщэм (тхыбзэр абы ящІ куэдкІэ иту диІащ, ауэ ар бзэм ядж, къэрал Іуэху щыхъуар Совет лъэхъэнэрщ), зы диалект лъабжьэ ящІу, зы литературэбзэ зэрыхэзэпащІыну щытащ, ауэ зыІущІэгъэкІащ а Іэмалыфбгу. Нобэ бзитІ диІэ хъуащ. Абы нэхъри зэпэІэщІэ иящІащ лъэпкъыр. Хамэ къэралхэм иц адыгэхэм тхыбзэ ямыІэхэу жыпІэ хъунущ, куэд дыдэм зэрыпсалъэ бзэри ящыгъупщэжащ. Сыт яхуэзэрІэкІыну абыхэм нобэ, дэтхэнэра къыхахыныр - адыгеибзэра хьэмэрэ кьэбэрдей-шэрджэсбзэра? Мы Іуэхум «пащІэгъэлыгъуэ хэткъым». Бзэм къыхуэзушахэр щыІэщ, адыгэр зы хъужьыным щІохъэупори мащІэкъым. Ди щІалэгъуэм интернетыр кьІэрыхьащ, ауэ абы зэрыщІэзэхэтхэзэр инджылъэбзэкІэщ е латин графикэм теуха бзэ Іэрыщ-кІэщ. Абы сытым дыкуэщІну?

Глобализацэ жыхуаІэм экономикэ лъэщ зиІэ кьэралхэр зэщІиубыдащ. Абы и мафІэр бзэхэми яльоІэс. Дуней псом ещхьапІэхэм кьыщагъэсэбэп бзэхэм хощІ. Зэремыджэ бзэр псынщІэу мэкІуэдзыж. ЩІэныгъэлІэхэм хэрахуэу, бзэфащэмкІэ, дунейм бзэуэ тетым я зэхуэдитІыр кІуэдыжынщ мы лІэщІыгъуэм. Адыгэбзэри яхэтщ апхуэдэ къулейсызыгъэ къызыптыусынкІэ узыгъэшынэ гупым. Дауэ дыкъелъа хьуну абы? Ди хэкум бзитІкІэ дыщытхэмэщ, дызэгурымыІуэхмэ, хамэ къэрал хэхэсхэри зыхэс лъэпкъхэм яхэшыпсыхьхьмэ, сыт уэшыщІагуэну хэкІыпІэу щыІэр? Лъэпкъ идее диІэкъым адыгэхэм. Сэ жысІэрэ къым нобэ бзэм теуха революцэ тущын хуейуэ, ауэ дымыпІащІэу дегупсысын хуейщ дунейм джэшым хуэдэу щикъуэка адыгэ псоми гугъапІэ гуэр зэреттыным. Гувами, кхьыхьын хуейщ: сыт хуэдэбзэ диалектыр нэхъ тынш, нэхъ зэгъэщІэгъуэфІэ адыгэ псоми я деж кІэ? ТхыбзэитІым ящыщу сыт хуэдэм щыху нэхъыбэ иритхэрэ? «Хьэблэ гупсысэкІэм» дытемыкІуэфмэ, ди кІуэдыжыгъуэр нэхъ псынщІэу кьэсыкнКІэ хъунущ. Глобализацэм гущІэгъуэ зэхэдзэ щІэрэкъым.

Дэтхэнэ адыгэри, «уи кхуажэ-си кхуажэ» жэмыту, телэжьын хуейщ ди бзэкІэ, ди гупсысакІэ, ди хабзэкІэ зы дызэрыхьэжьынкІ. Губгъуэ зэрымыдзэм, щІэзэхуэмдзэкІ кьриажьу, бжьэхэм фо матэм кьызэрахьын хуэдэу, дэри ди Хэкужьым щызэхэхъэсхэм хуейщ ди бзэр, щэнхабзэр, экономикэр, псэуКІэр фІы зыщІыфынну Іэмалу адрей лъэпкъэм кьагупсысахэри, дэ ди акъылыр зыдыщэсахэри. Ди гъунэгъу лъэпкъэмэ, адыгэхэр зыщыпсэу хамэ кьэралхэм ихэмэ я Іей лъэпкъи зедмыхуэу, зедгъэззэгъыу лъэпкъэм, ауэ ди кьэзыгуныи дыкъэзыжьхэм хуейщ. Журт-хэм нэхъ икъуэжьа лъэпкъ дунейм тету кьыщІэкІынкьым, ауэ я бзэм я лъэпкъ идее яІэжу къоГъуэгурыкІыу ильэс миниплІым нэсауэ. Дэри лей куэд кьытлъысащ, ауэ лъэпкъ псори зэкъуэт зэщІынкІ кьарури гупсысэи нобэр кьыздэсым ди Іэпыкьм. Ар ди Іатэмэ, ди адыгэбзэр апхуэдэ щытыкІэ ихуэнутэкъым. Насыпи ди ІэщІи, зы псалъэ закъуэм дризздуэркъым, псори дызэрегъащІлІэ «адыгэ» псальэм. «Черкес» фІэщыгъэщІэми узэрыгушхуэн куэд хэлъщ. Дунейм ирагъэкІащ ди ныбжьэгъуэхэм куэд хэлъщ. Дунейм ирагъэкІащ ди ныбжьэгъуэхэм куэд хэлъщ. Ар ныбжьэгъуэ псомэ, ди тхыбзэр гугъу дыдэ дехьэрэ зэрагъэпэщащ, абы адыгэ куэдым я ГъащІэ псор трагъэкІуэдащ. Абы зегъэужьын, ар хьумэн хуейщ. Абы и хэкІыпІэхэр кІуэ пэтми нэхъ мащІэ мэхъу.

БАКІУУ Хьандэржий,
филологие щІэныгъэхэм я доктор, профессор.

● Дызыгъэпсейтей Іуэхум теухуа псалъэмакъ

Бакіуу Хьандэржий.

Хьэсэр и чэзум умыгъэкъабзэмэ, ежьужьым зэщІещтэ

НОБЭ дызыхэпсэукІ и гъащІэм тепщэщыхуэ бзэзр-сату хабзэхэм къагъэув лъэпкъ нэщэнэ нэхъыщщхьэхэм яхудиІэ щытыкІэхэмэ зедгъэхъуэжын хуейуэ. А нэщэнэхэм, дауи, яэ итыр бзэрщ - лъэпкъым и псэкупсэ дунейр зыуэзыІ, и художественнэ гупсысэм зезыгъэубгъу, и щэнхабзэм и къэухьыр уэзыгъэльагъу лъапІэныгъэ нэхъыщхьэрщ. Ауэ, дунейм кьытригъэщІыхьа псоми хуэдэу, дарвинизмэм и хабзэ ткІийхэр ятохьэ бзэми.

ЩІэныгъэлІэхэм къызэрагъэлъытэмкІэ, иджыпсту дунейм щызекІуэ бзэ минитІ-минэблагъэм («Урысей энциклопедие псалъэхэм») щыщу дызэрыт лІэщІыгъуэм и кІэм нэсыфынур абы и Іыхьэ щанэрщ. Адрейхэр нэхъ лъэпкъышхуэхэм я бзэхэм е бзэ нэхъ зызыужьажьхэм хэткІухьыжьынщ. А щынагъуэм, дунейр «цыкІу зэрыхьуМ» кьишэ нэгъуэщІ Іуэхугъуэ мыщхьэпэхэм я лъэпкъхэр щахьэмэн мурадкІэ, хэсэр, ауэ ар лъэпкъыгъэ зыхуэхъу комиссэхэр. Къэралыр дэІэпыкъуэгъу зыхуэхъу комиссэхэм екІуэлІэныгъэ инхэр зыІэрагъэхьэф. Абы щыхьэт текъуащ къуэхэпІэми къуэжьІуэми я ныбжьэлІэхэмрэ ІэщІагъэлІэхэмрэ.

Бзэм и щытыкІэр къэзыхуэтэ апхуэдэ комиссэм дэ куэд щІауэ дыхуэныкъуэщ, ауэ псалъэмакъым Іуэхур кьыфІэмыкІыурэ нобэм къэсащ. Фэри фызэрыщыгъуэзэщІ, 1994 гъэм «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и лъэпкъхэм я бзэхэм я Іуэхуҟ1э» закон хъарзынэ щытащ щытащ. Ящ илъэс зы-тІум абы кьыщыгъэлъэгъуахэм щыщ гуэркэр ягъэзэщІну яужь ихьэрі, Іэщ1ыб ящІыжащ, ахьшэ зэрамыІэм кьыхэкІыу. И1уДкІэ я1эщІэхуэжьыІащ, абы и Іуэху зезыхуэн гуэр щыІэххэтэжьыщ. Іуэхум и екІуэкІыкІэр тІльагъуРти, абы дригузавэу, 1998 гъэм «Адыгэ псалъэ» газетым кьыщыздгъэпэщащэу щытащ терминхэмрэ хамэбзэхэм кьахэкІыу ди бзэм кьыхьыхэ нэгъуэщІ псалъэхэмрэ елэжь комиссэ. ЗыкъомкІэ сабэм хъуащ ар, нэхъыщхьэращи, дызэкъуэту делэжьмэ, бзэм зэрызедгъэуэзщІыфынумкІэ фІэщхьэнытъ кьыгъхилъхьащ. Я1ынькъуэ щІэнигъэлІхэм ди тхыбзэр зытрагъэува хамэбзэ хабзэхэмрэ псальэуха гъэпсыкІэхэмрэ дапэщІуэзри, лъэпкъыр зэрыгупсыс, зэрыпсальэ щІыиту сызэрыпетепсэлъыхьыр кьызохьэлъэкІ, си нэпсэр кьрагъакІу эу.

Нало Толэ унагъуэ дахэ иІэщ. И щхьэгъусэ Лидэ цыху гуапэщ, зэпІэ ІэзэрытщІ, Толэ игъафІэрэ и тыншыпІэ кьиІыхьуэу дэпсэуащ. Я хьыджэбз Заремэ адэм и лъагъуэм ирикІуэжащ, Толэ щылэжьа сымаджэщым и кІудамэхэм ящыщ эым и унафэщІщ. Сымаджэхэми зыдэлажьэхэми пщІэ кьыхуащІу яхэтщ.

Толэ и ГъащІэ гъуэгуанэр псори кьехъуэгъэльэгъуэнукъым, ауэ игъэхъужауэ щыта сымаджэхэмрэ сэ си гукъэкІыжь мащІэмрэ сТхыжауэ аращ. Толэ дэ зэи тщыгъупщэнукъым. Ар Іуэху иІэу зэщыпІэ кІуауэ и ехьэлъэныгъэ. Ар Іуэху иІэу зэщыпІэ кІуауэ и ехьэлъэныгъэ. Ар Іуэху иІэу зэщыпІэ кІуауэ и ехьэлъэныгъэ зэпэІэщІэ зэрыгупсысыкІэ кІуауэ, мэжьаІэуэ кьыдэлъэдащІ зэрыгупсысыкІэ кьытфІощІ...

НАЛО Къарэ,
УФ-м егъэджэныгъэмкІэ и отличник,
КъБР-м щІыхь зиІэ и егъэджакІуэ.

● Футбол

Гупитіми щынэхъыфІар адыгэ щІалэхэрщ

Щэбэт кІуам Налшык щызэхэта зэІущІэм «Спартак-Налшыкымрэ» «Сатурнымрэ» и топджэгу нэхъыфІу къалэытар Мэшыкъуэ Аслъэнрэ Нэхущ Русланрэщ.

АСЛЪЭНРЭ Русланрэ Налшык и спорт школым зы классым щызыдщІэсащ. Зэгъусэу ди командэм джэгун щыщІадзащ. Аэрэ зэныбжьэгъу дыдэщ. Уеблэмэ, тхьэмахуэ фІэкІа зэхуэку ямыІэу тІуми щхьэгъусэ хьашащ. Арщхьэкіэ джэгуплІэ тгъГъэщэм ахэр щызэпэщІэувэн хуей хуэщ, Нэхущыр «Сатурным» иджыпсту зэрыкэтІым кьыхэкІыу.

Адыгэ щІалитІми я къару псори ирахъэлІащ, я командэхэр тгъэзэкІуэн папщІэ. ЕплІанэ дакьикъэм Руслан зэуа топыр ди гъуащхьэхъумэм и лъакъуэм техуэри, бжьыгэр кьызэІуха хьуащ. ЗэІущІэм и кІэухым Аслъэн кьыжаныкІри, «Спартак-Налшыкым» яІэ текІуэныгъэр мы гъэм кьыхьащ.

Нэхущымрэ Мэшыкъуэмрэ я джэгукІэфІыр «Спорт-Экспресс» газетми гулъытэнщэ ищІакьым. Ахэр я командэм щынэхъыфІауэ кьиІыпытащ абы икІи зэрызэкІэлъыкІуэу балли 6-рэ балли 6,5-рэ яхуигъэуващ.

Командэ къыхэхахэм ираджэхэм къахохъуэ

Гъатхэпэм и 26-м Европэм хьыхьэ къэралхэм я командэ къыхэхахэм зэныбжьэгъугъэ зэІущІэхэр ирагъэкІынущ. Абы хэтынущ «Спартак-Налшыкым» щыщ щІалитху.

ХАБЗЭ зэрыхъуэуэ, Урысей Федерацэм и щІалэгъуалэ командэ кьыхэхам ираджащ Ятченко Дмитрий, Самсонов Олег, Кьэжэр Назир сымэ. Ахэр Словением дджэгунущ.

Куржым и командэ кьыхэха нэхъыщхьэм ираджэжащ Гоуа Гогитэрэ Сирадзэ Давидрэ. Ахэр Ирландие Ищхьэрэм Белфаст щыІущІэнущ.

ЖЫЛАСЭ Зауэ.

● Школ хъыбархэр

Пщэдейм хуэхьэзыру

Бахъэщ кьалэ дэт курыт еджапІэ №7-м щызэхэтащ "Экономикэм, финансым, юриспруденцэм ехьэлІауэ зэпкърыхьыш хуей Іуэхуҟуэхэр" фІэщыгъэщІэм щІэту кьаузэрагъэпэща 1-нэ кьалэ конференц.

МЫ ІУЭХУГЪУЭ щхьэпэр зи жэрдэмыр Къбэрдей-Балъкъэр къэралмэкъумэщ академием и аспирант, зи гугъу тщІы еджапІэм экономикэмкІэ и егъэджакІуэ **Багъэтыр Тимборщ** ЗІущІэм хэтащ Бахъэщ кьалэмрэ Дыгулыбгъуей кьуажэмрэ я курыт школ-хэм я еджакІуэхэр. ЕджапІэм кьыхуеблэгъат экономикэ щІэныгъэхэм я доктор, профессор, КъБКъМА-м финансхэмрэ экономикэ теориемкІэ и кафедрэм и унафэщІ **Модебадзе Нодар**.

ЕджакІуэхэм я лжьыгъэр зыхуэдэм дакьыкьыбгъым кьрыубыдэу тепсэлъыхьын, абы и ужькІэ ущІэхэм жуаап иратын хуейт. Мыбы кьыщІэтащ иджырей зэманым щІыхуэр зыгъэпЕйтей ущІэхэр. Псалъэм папщІэ "Пластикэ карточкэхэмрэ банкоматхэмрэ", "Ипотекэмрэ ипотекэ щІыхуэ тыкІэмрэ", "Экономикэм щызэхащІыхь щІэпхьаджагъэхэр", "XXI лІэщІыгъуэм дунейпсо экономикэм и ныкъусаныгъэхэр", нэгъуэщІ куэди. Лжьыгъэхэр икъукІэ хьэлэмэту зэрызэхагъэувам икІи еджапІуэхэр абыхэм бзэ щэрыуэкІэ зэрытепсэлъыхьам я фІыщІэкІэ, хьэщІэм и щытхъу кьалэжьащ.

Я икъукІэ си гуапэщ нобэрей зІуЕІэм сыкъыщэрырихьэлІар. Си гугъэщ ар щхьэпэ хьуну. Фэ къэфІэтащ иджырей зэманым кьигъэува Іуэхуэхэм щыщ. КьызэрыщІэкІамкІэ, абыхэм фІыуэу фыщыгъуазэщ, фагъэпІейтей, - кьыхихэщащ Модебадзе. - Фэращ пщэдей махуэр зейр, щІэблэращ ди кьэкІуэнур зыІэщІэлъри, си гуапэщ абы фызэрыплежьэфар.

АджкІэ профессорым еджакІуэхэм я гурыгІуащ конференцым зыщыкъуэбгъэхьэзыркІэ, нэхъ зытегъэщІэн хуейхэри 7-нэ курыт еджапІэм и унафэщІ **Пекъу Светланэ** фІыщІэ хуищІащ мы зэІущІэр кьызэрэпэщыным гуащІэшхуэ зэрыхилъхьам щхьэкІэ.

Конференцым хэтахэм щыІыхь тхылъэр ираташ. Мы еджапІэм и хабзэм тету, джэгукІи зэхуащІыжащ.

КЪАНЫКЪУЭ Анфисэ.

● Ди сурэт гъэтІылъыгъэхэр

Пщащэр езыхъэжьахэр.
Автолитографиер Зичи Михай 1853 гъэм ищІащ.

Нало Анатолэ и дэтхэнэ псальэри

● Фэеплъ

Маяковский Владимир зэрыжьІащІ, Іэщ1агъэ псори хьарзынэщ, узэгуакІуэр кьыхэх. Ар тэмэм щыдэщ, Іэщ1агъэ Іей щыІэкъым, урилэжьэф закъуэмэ. Нало Хьэмырзэ и кІуэ Анатолэ кьыхихар дохутыр Іэщ1агъэрат. И Іэщ1агъэр и лым хэту дунейм кьытехьащ, жьауІэм хуэдэт Толэ. Ар зэрыпсэури кьызэрилэжьэ кьуэдрейуэ ябжьыгтэкъым абы, атІэ мазэ улахуэм япэ иригъэщырт щыхъуэм и ГъащІэмрэ и узынщагъэмрэ.

НАЛО ТОЛЭ кьуажэ школ нэуэкьым Налшык дэт медучилищэр диплом плъыжькІэ кьиухри, Мэхьэчкьалэ щыІэ мединститутым и щэныгъэм щыпищащ. Еджэныр кьиуха иужь, Толэ Псыуэнсу кьуажэ сымаджэщым лэжьэн щыщІидзащ. Кьуажэдэсхэми зэІэзэ сымаджэхэмэ я гум дыхьауэ и лэжьыгъэ ирихьэкІащ. Абы и щыхьэтт псыгуэнсудэсхэм кьабгъэдэкІыу мЫзэ-мытІэу газетым кьытехуэ щытхъу тхыгъэхэр. Зэман дэкІри, Налор япэ щыІ. Нартан дэта, иужькІэ «Дубки» хьэблэм яхьыжа, жьэн узым щеІэзэ сымаджэщым ягъэкІуащ. Ар щыху щабэт, г уапэт, бзаф1эт, къэрэмыгъэнщэт, дэтхэнэ сымаджэмэ ящфІэгуфІэу хущытт И сымаджэхэм я узыр яцирГэпсыщІэныр, и лэжьыгъэм кьрикІуаехэр ильагъужьныр и гупсысэр зэпхар.

«...Ди дохутыр Анатолэ паларэм къыщІыхьамэ, ар дыгъэ-мазэу кьыттепсэр т. Псоми цІэ зырыщІкІэ кьыдэджэуэр зыкьытхуигъазэрт: Сыт, Фрося, уэщэнщхьейр, фи деж уигу кьихьауэ ара? Галинэ, уэ уи анализэхэр хьарзынэу кьыкІуэжащ, узэгъэгуфІэ, ауэ Фрося уи япэ щІэстхыкІыжьынущ.

Зы махуэ гуэрым, Марфэ зыІфІица сымаджэр Толэ еупщІат: «Толэ, дыхьэжьынэ пІэрэ дэ?», - жиІэри. - Апхуэдэ уэ упщІэ зэи зыкьыхэхуумыгъаэ, Марфушэ, фымыхъужьнымэ сымаджэщым фыщІыщІэдгъэльэр сыт фи гугъэ? Уэлэхьи, си кьуэшыжьхэр (Толэ и псэльафэт), фыгтІыльагъуэну фыкъедгъэщІауэ армэрэ, пІэ хуэжьым фыщІыщІэдгъэльэр, щай щІэмыгъэ фыдгъашхэу фыщІэтІыгъри? Хьэмэрэ, улахуэ кьыдгъэту сыт дышІэныгъэ фытхуэмыгъэхъужьнымэ?! Толэ и дэтхэнэ псальэм узышІагъэ кьызыдэкІуэ гушыІэ дахэкІэ гъэнщІат. Абы и псальэ зэ дэ псэщІэ кьытхалъхьэрт, нэ жэгуж э дыкьащІыжьрт, гукъэкІыж хьэлэмэтэхэм дыдашэхьжырт».

«...Си щІалэм и узышагъэм сигу зуэныкъуэу Толэ дэк сшат Ди Іуэху зыІутыр зригъащІэри, абы сыкьигъэгугъащ псынщІэ дыдэу си щІалэм и уэзыр щхьэщихьну абы и ужькІи зыгъэпсэхуакІуэ игъэжІыну. Игъэпэжат абы и псальэр».

Мыхэр Толэ игъэхъужакъэм я гукъэкІыжщ.

«Си щэч кьытесхьэркъым ди Толэ зи узышагъэр зэфІэгъэзэжа псори кьыІэзэрыхуэрэ, гъащІэ кІыхькІэ кьызэрыкІуэ зупсам. Ауэ Толэ гъащІэ мащІэт. Сытти жьІи, Алыхьым уи натІэм кьиртхъэ уфІэкІынукъым, ар наІуэ зыщІыфри зэманыщ. Толэ и Іуэхущафэм блэкІа зэманым ситуацыр ирагъэкІуэр, абыхэм я зэфІэкІыр къэхуэтэнщ:

- бзэм и хабзэхэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и жылагъуэхэм, щыщІэхэм, къэрал Іуэхущ1апІэхэм я фІэщыгъэщІэхэр зэрезэгъыр, анкетэхэм, хьыбарегъащІэхэм, махуэгъэпсэхэм, квитанцэхэм, бланкхэм, н. къ. я тхэкІэр зэрытехуэр гъэбелджылыныр;

- терминкъу, хамэбзэм кьыхэкІа псальэхэу адыгэбзэм кьыхьыхьэхэр кьэпщытэныр, адыгэбзэм и псальэ къэхъуКІэм езэгъыу зэдзэкІыныр;

- псальэгъэнахуэ, пэжыратхэ, термин, нэгъуэщІ псальалъэ лІэужьыгъуэхэр гъэхьэзырынкІэ, апхуэдэу щыІэхэр кьыщыдгъэжьжкІэ, комиссэм и чэнджэщхэр кьегъэлъытэныр;

- зэрырагъаджэ тхылъхэр, егъэджэныгъэ І энатІэм кьыщагъэсэбэп нэрылъагъу Іэмэпсымэхэр бзэ и лъэныкъуэкІэ Іуэхум зэрехьулІэр кьэпщытэныр;

- бзэр егъэфІэкІуэным ехьэлІа лэжьыгъэм газетхэм, журналхэм, тхылъ тедзапІэхэм, еджапІэ зэхуэмыдэхэм, къэрал Іуэхущ1апІэхэм я лэжьыкІуэхэр кьыхэпшыр, абыхэм ечэнджэщынр;

- комиссэм хэтхэм зэдзэрэзыуэ кьащта терминхэм, хамэбзэм кьыхэкІа псальэхэм къэрал Іуэхущ1апІэхэр, еджапІэхэр, библиотекэхэр, дэфтэр хьумапІэхэр щыгъуазэ щІыныр, нэгъуэщІхэри.

Комиссэр гупитІу гуэшауэ (адыгэрэ балъкъэру), ауэ зы унафэм щІэту лэжьэнущ. Лжьыгъэр тэмэму зэ ежьэмэ, дыщогугъу адыгэбзэмрэ балъкъэрыбзэмрэ зауэныныр зэтэзыІыгъэ Іуэхугъуэ куэд гъэкІуэда хьуну, къэбэрдейхэми, адыгейхэми, шэрджэсхэми я литературэбзэхэр зэриштэлЭжьыну, зэрырагъаджэ тхылъхэр, псальалъэхэр кьыдэгъэжьыныр щІигъэпсынщІэну.

ТЫМЫЖЬ Хьэмыщ,
филологие щІэныгъэхэм я доктор.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФІЫЦІЭ Мухьэмэд

РЕДАКЦЭМ И КОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР

ЖьэкІэмыхьу Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и кьуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и кьуэдзэ), **Гъурыжь Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **Жылаес Маритэ, Льостэн Музэ, Ныбжь Таисэ, Уэрдокъуэ Жансуратэ, Хьэжьыкъарэ Алик, Шал Мухьэмэд.**



ДИ ХЭЩІАПІЭР

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык кьалэ, Лениным и цІыкІэ щыІэ уэрам, 5, ебгъуанэ - ещІанэ къатхэр.

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и кьуэдзэхэм - 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкІэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ ІуэхуэхэмкІэ - 42-22-86; кьуажэ гъащІэмрэ экономикэмкІэ - 47-22-63, 42-57-59; щэнхабзэмкІэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхьэмэ Іуэхущ1апІэхэм ядолжьэныкъмкІэ - 42-60-53; хьыбарщІэхэмкІэ, спортымрэ письмохэмкІэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ - 42-63-64, 47-32-15; зэдзэкІакІуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Іуэхущ1апІэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Тедзэ тхыгъэхэм кьыщыхьа бжьгъэхэм, кьыщаІэта Іуэхугъуэхэм я пэжагъымкІэ ахэр зытехэм ирэу жэуап яхь, Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху епльыкІэр зэтехуэ зэныту щыткъым.

Газетыр Іэ тезыдзэм яхуэхьынур и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщІэныгъэхэмкІэ и управленэм.

Тел.: 42-06-51, 42-19-59.

Газетыр щыкьмкІэ жэуап ехь КъБР-м и "Роспечать" АО-м.

Газетыр 1989 гъэм дыгъэгъазэм и 16-м №Н-0065-м щІэту ятхащ.

Зы ильэсым газетыр 250-рэ къыдокІ.

КъБР-м Щэнхабзэмрэ хьыбарегъащІэ ІэнатІэхэмкІэ и министерствэм 1905 гъэм щыІа Революцэм и цІэр зезыхь и полиграфкомбинат, Налшык къ., Лениным и цІыкІэ щыІэ уэрам, 33, телефонхэр 42-35-75.

Мы кьыджкІыгъуэм елэжьахэщ: **жэуап зыхь секретарым и кьуэдзэ ДыщкІ Соня, редактору ЖьэкІэмыхьу Маринэ, корректорхэу Афэ Тамарэ *(3,4-нэ пп.)*, ПхытІыкІ Юрэ *(1,2-нэ пп.)*, и корректорхэм я дэІэпыкъуэгъу Иуан Заирэ. *КомпьютерКІэ газетым и тепхэр ящІащ:*** **Дол Маринэ, ГъукІэдІ Рае, Щомахуэ Марианнэ, *суратыщІ*** **Бицу Жаннэ.**

Номерыр "Адыгэ псальэм" и компьютер ІэнатІэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Іэ тедзэн хуейщ сыхьэт 20.00-м.

Щыгтрадзэ сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51533● Тираж 10.095● Заказ №1043